Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъунэным и дунейпсо махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№105 (21.263) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 31, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щэрмэт Л.С. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ льапIэр фIэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ я Iэнатlэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ льапIэр фIэщын **Щэрмэт Людмилэ Сультан и пхъум** - «Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм и актрисэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 29-м
№61-УП

Текуев Къ.Хь. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етын **Текуев Къурмэнбий Хьэнфий и къуэ** - Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Новэ Балькъэр къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 29-м
№62-УП

Гушхууэ къохъу

Сабийхэр хъунэным и махуэр дуней псом щагъэлъапIэ. А махуэр Iэтауэ щокIуэкI дэнэ щыIэпи, дзэрэжэгъуэрэ зэгурыIуэгъэкIэ гъэнщIауэ. Адэ-анэхэм я Iуэхуэхэр зэрагъэтIысыжкIри, сабийхэм гульытэ хэха хуащI, нэгъуэжьыпIэхэм яцэри, зрагъэзэпсэху.

СЫТ САБИИГ1ЪУЭМ хуэхха а махуэ дахэм кьежьапIэ хуэхъуар? Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ абы? А уцIэхэм я жэуап улыхьхуэрэ зэман зауIкIэ уэзгэбжьыжьмэ, тхыдэм кьыэзэригъэльагъуэщи, Цыхубзхэм я дунейпсо дэмократие федерацэм сабийхэм я хуитыныгъэр, гъащIэр, уэнчшагъэр хъунымыр и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр кьиульытэри, 1949 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Париж щекIуэкIа сессие щхьэхуэм ящыщхьпхьащ1 щытащ1. Щэбзлэм махуэ хэха яIэн хуейуэ. Ар ООН-м диныгъащ1 икIи япэ дыдэу Iэтауэ ягъэлъэпIащ1 1950 гъэм.

Махуэшхуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэм и гугъу пщIымэ, ар сабийхэм езыхэм я феней еплъыкIэ яIэжу, пщIэ кьыхуащIу псэуну, зрагъэгъуэтыну Iэщ1агъэр, зэрызагъэпсэхуну щ1ыкIэхэр кьыхахьыжну зэрыхуитыр балигъэхэм иджыри зэ ягу кьэгъэкIыжынырц. Цыкl1ухэм сытым дежи гульытэ яхуэщ1ын хуейщ, яхуэмыгъэззщ1ыну лэжьыгъэм ебубыдыIэну, лей ельхыну кьеэзгъырыкъым. Сыту жьIпIэмэ, нобэ ядгъэльагъу щапхъэрщ абыхэм я гъащIэм гъуазэу щаIэнур, дэращ зэпытыгар кьыдэкIуэтей щ1эблэр щ1ыхугъэ зыхэпIэ гуп зэкъуэгурыжьыгъэ хуэвэнщ.

Мэкъуауэгъуэм и 1 махуэшхуэр дуней псом тет сабийхэм яльэIэсын папщIэ Iэмалыфlхэр щыIэщ ди зэманым. Хуэмыщ1ауэ псэу унагъуэхэм я бынхэщ сабий ныкъуэщкъуэхэм, зеиншэхэм защ1эзыгъакъуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ зэгухэзныгъэхэмрэ кьыэзрагъэпэщащ. Ди кьэралым и сабийхэм я хуитныгъэр кьеэхъумэ 1988 гъэм, бадзэуэгъуэм и 24-м кьащта «УФ-м и сабийхэм я хуитныгъэхэр хъунэным теухуа шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхуэкl» федеральнэ законым.

Сабийгъэр цIыхуэм и гъащIэр зэрыхъунуи и «лъабжьэр щагъэтIыпIы» зэманщ. А лъэхъэнэрщ ар щ1эзэфIуэвэр, абы бгъэдэлъ творческэ зэфIэкIым и нэщэнэхэр белджылы щ1ыхьыр. Аращи, я нэхъ цIыкIу дыдэхэм я деж щегъэжьауэ сабийхэм набдзэгубдзапIъэу якIапльыплъынхуейщ, гукъыдэж яIэу, гушхуауэ къэгъэхуныр Iэмал зимыIащ. Ар цIыкIу зэпIэзэрыгъэ гъащIэм хэувэныр псом япэу зэпытар адэ-анэращ, ауэ абыхэм кьакIэлъыкIуэу кьалэнышхуэ я пщэ кьыдохуэ я гъащIэ гъуэгуанэм щыщIихьэ1Iэ балигъэм.

Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунэкъым, зэгуэр абыхэм я пIэ ита, иджы я ущиякIуэ, чэнджэщгъэ хъуа балигъэм.

НЭЩIЭПЫЕДЖЭ Замиря.

Президентым къегъэув

Энергетикэмкlэ министерствэ щIэуэ кьызэрагъэпэщам Медведев Дмитрий хуигъэуващ бадзэуэгъуэм и 1-м нэхъ фIэмыкIыну зэхуэщIыжыну «Урысейм зыгъэщIыгъ и энергосистемэ» АО-м и кьалэнхэм пэрыхьну.

Апхуэдэу кьэралым и лIыщхьэм щыжиIащ энергетикэмкIэ министр Шмотко Сергей щыхуэзам.

Урысейм и Президентым кьызэрыкIуэщащ1э, РАО «ЕЭС» и щрагъэкIыжкIа зэхъуэжьныгъэхэр зэфIэкIащ, иджы нэхъыщхьэр абы и пщэрыльу щытахэр щыэзэпэхащ1э, зэIумыбз гъэрхэр кьыхэмыкIыныщ.

Германием макIуэ

Канцлер Меркель Ангелэ зэрыригъэблэгъам ипкъ иткIа, Президент Медведев Дмитрий мэкъуауэгъуэм и 5-м Германием кIуэнущ.

А хъыбарыр дыгъуасэ кьитащ Кремлым и пресс-Iуэхущ1апIэм.

И кьулыкъум зэрырапрыхьэрэ иджы ещанэу ар хамэ къэрал ежьэнущ. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, абы и пэкIэ Урысейм и лIыщхьэр Къэзахъстанымрэ Китаймрэ щ1ыпIащ.

Мыхьэнэ иIэкъым

Куржым Урысейр егъэкъуанщэ и Iасхъэщ1эх кьхъуьльатэр Абхъаз Республикэм и уэгум къыщIридыдхауэ.

Абы ООН-м ЩынагъэншагъэмкIэ и Советым лъэIукIэ зыхуигъэзащ а Iуэхуэм теухуа зэIупIэ пIащ1эр Iуэхуэ1э зэхуигъэзэжыну.

Урысейм и МИД-м и Iэтащхьэ Лавров Сергей кьызэрыкIуэщ1амкIэ, мэлыжьыкIыныр и 20-м Абхъазым и ПВО-м Куржым и Iасхъэщ1эх кьхъуьльатэр кьызэрыридыдхам езы Абхъазыр хэмыту утепсэлъыхькIэ мыхьэнэ иIэкъым.

Зэуэ 39-рэ

Индием и ипщэ зэпынкъуэм псым щыхэхуащ щыху 70 зэрыса кьыльэщэ автомашинэр. Хьэгъэгъэлъэгъуэ ешьа гупышхуэм щыщу 39-р зэкIуэдащ.

Гъэмахуэлъэ ток кIапсэм кьащ1ыпжыхьым, рулым дэсам автомашинэр кьызэгъэдэIуэкъым.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 31, щэбэт

♦Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ. Уэзнышагъэ хъунэныкIэ Дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкI.

♦Илъэси 150-рэ и пэкIэ (1853) КъуэкIыпIэ Сибырыим и генерал-губернатор Муравьев Николай и унафэкIэ Хабаровскэ жылагъуэр кьызэрагъэпэщащ (1880 гъэм кьалэ статус иIащ1э, 1893 гъэм и жэпуэгъуэ льандэрэ Хабаровск къалэщ). Нобэ Хабаровск крайм и щыхьэрщ. КъуэкIыпIэ Жыжьэ Федерацэм округым и къалащхьэщ.

♦Илъэс 95-рэ и пэкIэ къалъхуащ урыс пIасхъэщIэх, Урысей Федерацэм и Лhыхъжь (1996, дунейм зэрехьжауэ) **Яцков Анатолий** (1913 - 1993).

♦ Илъэс 75-рэ и пэкIэ къалъхуащ театрымрэ киномрэ я актер, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Бурков Георгий** (1933 - 1990).

♦И ныжьыр илъэс 60 ирокъу философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэвлокъуэ Вячеслав**.

♦Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 27-м, къуьхэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 43-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 16-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦ Ищхъэрэ флотым и махуэщ. Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1933) кьызэрагъэпэщащ1э щыIащ 1937 гъэм накъыгъэм и 11-м Ищхъэрэ флоту зэрахьуэкIыжа флотилиер. 1996 гъэ льандэрэ ягъэпIапIэ.

♦ Илъэс 20 и пэкIэ (1988) кьару игъуэтащ ику ит жьыкъагъэ нэхъ мащIэкIэ льатэ я ракетэхэр (РСМД) гъэкIуэдыжьым теухуауэ СССР-мрэ США-мрэ зэращIылIа Зэгурыlуэныгъэм.

♦Илъэс 80 и пэкIэ къалъхуащ СССР-м и юхъуьлатэзэкъокъонавт, Совет Союзым и Лhыхъжь (1971, дунейм зэрехьжауэ) **Добровольский Георгий** (1922 - 2000).

♦ Илъэси 5 и пэкIэ дунейм ехьжащ ушэ актер, кинорежиссер, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1979) **Матвеев Евгений** (1922 - 2003).

♦ Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 27-м, къухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 44-м.

♦Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 17-рэ.

Мэкъуауэгъуэм и 2, *блыщхэ*

♦1955 гъэм СССР-м и Iэщ1кIэ Зэщ1эузэда и Къарухэм я Штаб Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, Къэзахъстаным и Тюра-Там Гъуущ гъуэгу станц щыкIуэм и Iэшэлъашэм щаубытыращ СССР-м Зы-хъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и 5-нэ Щ1эныгъэ-хъэхуэкIуэ щагъэунэху политикэр **Байконур космодромым къыщызэрагъэпэща махуэщ.**

♦Мэкъуауэгъуэм и 2-13-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ Цыхуэм и хуитныгъэхэмкIэ ООН-м и Советым и 8-нэ сессиер.

♦Мэкъуауэгъуэм и 2-6-хэм Венэ (Австрие) щ1ызэхэтынущ атом энергиемкIэ Дунейпсо агентствэм (МАГАТЭ) и унафэщIхэм я советым и зэIупIэ.

♦ Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1913) кьалъхуащ урыс еджагъэшхэ-радиотехник, РАН-м и академик (1964), Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхъжь, Лениным и саугъэтымрэ (1960) СССР-м и Къэрал саугъэтхэмрэ (1978, 1986) я лауреат **Богомолов Алексей**.

♦Илъэс 50 ирокъу (1958) УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ, дзэ Прокурор нэхъыщхьэ, юстициэм я классэ иIэ я къэрал чэнджэщгъэ, юстициэм и генерал-полковник **Фридинский Сергей**.

♦Урыс еджагъэшхэу, дохутырофтальмолог, РАН-м и член-корреспондент, РАМН-мрэ РАЕН-мрэ я академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхъжь **Федоров Святослав** и фэеплъ махуэщ.

♦Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 26-м, къуьхэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 45-м.

♦Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 19-рэ.

ПIалэнэр зыгъэзэхэзырар **ХЬЭЖЬКЪАРЭ Аликий.**

Лъэпкъ Iуащ1ыгъэ

Нэхъыжь нэмыс - нэхъыщIэ насып.

Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъунэным и дунейпсо махуэщ

Щэрмэт Л.С. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ льапIэр фIэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ я Iэнатlэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ льапIэр фIэщын **Щэрмэт Людмилэ Сультан и пхъум** - «Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм и актрисэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 29-м
№61-УП

Текуев Къ.Хь. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етын **Текуев Къурмэнбий Хьэнфий и къуэ** - Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Новэ Балькъэр къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 29-м
№62-УП

● Дыгъуасэ

Пщэдейм тращIыхь

«Синдикэ» интур-хьэщIэщым дыгъуасэ щыIэзэхэщ «2012 гъэ пщIондэ къуажэхэм зэрызаужьынур» федерал программэ хэхам щыубзыхуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэныкIэ 2008 гъэм къэуп къалэнхэр щызэпкъраха щIыналъэ семинар.

АР КЪЫЗЭIУИХАЩ икIи иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм Мэкъуэмэш хозяйствэмкIэ и министерствэм Къуажхэм зегъэужьыныгъэ социальнэ политикэмкIэ и департаментым и чэнджэщэгъу **Поповэ Ольгэ**, «Центрсельстрой» ОАО-м и президент **Мытарев Сергей**, «Контракт» СП-м и унафэщI, «ЩIыналъэ-Холдинг-1» ЗАО-м и унафэщIхэм я советым хэтI **Зуйков Павел** , «Центрсельстрой» ОАО-м и лIыкIуэу ЮФО-м щыIэ **КIуэкIуей Мухьэмэд**, нэгъуэщI-хэрэ.

Семинарым щыхэплъащ къуажэхэм зэпIэзэрыту зэрызаужьынум теуха зэпеуэм зэрызыхуагъэжьэзырыну щ1ыкIэмэ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

● Къулыкъу

КъБР-м и Адвокат палатэм и президент Евгъэжыкъуэ Хьэбас

Иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ республикэм и Адвокат палатэм и совет хэтхэм я зэIущIэ. КъБР-м и Адвокат палатэм и президенту я зэхуэсым щыхахащ Евгъэжыкъуэ Хьэбас Алий и къуэр.

ЕВГЪЭЖЫКЪУЭР Тырныауз кьалэм 1962 гъэм къыщалъхуащ. 1980 - 1982 гъэхэм Совет Армэм къулыкъу щрихьэкIащ. ИужькIэ, 1988 гъэ пщIондэ, «СКЭП» заводым токар щылэжьащ. 1988 - 1992 гъэхэм Хьэбас Налшык дэт медицинэ училищэм егъэджакIуэу щыIащ, апхуэдэуи а еджапIэм и комсомол зэгухьэныгъэм и секретарь кьалэнри ирихьэкIащ.

Евгъэжыкъуэм КБКЪУ-м и тхыдэ, юридическэ факультетхэр ехьулIэныгъэкIэ кьиуващ. 1997 гъэ льандэрэ КЪБР-м и Адвокатхэм я коллегием хэтщ.

Унагъуэщ. Щхьэгъусэрэ бinjи 3-рэ иIэщ.

● Лъытэныгъэ

Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я зэгухьэныгъэм и президент Къарэмырзэ Барэсбий

Ди къэралым и щыхьэр Москва иджыблагъэ щекIуэкIащ УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я зэгухьэныгъэм и зи чэзу сьезд. Абы кьрихьэлIащ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэу 119-м я унафэщIхэр.

ЗЭIУЩIэм щыхахащ а зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр. Я кьэкIуэну илъэси 5-м я кьулыкъыр зэрихьэнущ КъБКъУ-м и ректор, профессор, лъэпкъ щIэныгъэ лI цIэрыIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий**.

ИпэкIэ УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ Геодезиемрэ картографиемкIэ кьэрал университету Москва дэтым и проректор Савиных Виктор. Кьарэмырзэр зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм и советым хэтауэ араща.

Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэкIынущ цIыхубзхэм шахматэмкIэ я дунейпсо чемпионат

Налшык и тхыдэм щыяпэу ди кьалащхьэм щекIуэкIынущ цIыхубзхэм шахматэмкIэ я дунейпсо чемпионат. Абы техуауэ зэгурыIуащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Илюмжинов Кирсанрэ.

КъБР-м Шахматэмкlэ и федерацэм и президент, Правительствэм и Унафэщым и пхуэдзэ Дышэкl Магданэ зэрыжиIамкIэ, Шахматэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ФИДЕ) и унафэщым щIэзэрэ ещанэ щыщIэ ФИДЕ-м и лIыкIуэр икIи дунейпсо зэхъэзэхуэхэр щекIуэкIыну ухуэныгъэхэр кьиплъыхьащ. Абыхэм яцIыщ Театр щхьэантIэр, Профсоюзхэм я уардэунэр, Къэрал концерт гъэпсэгъуэнIэр, «Синдика» интур-хьэщIэщыр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зеиншэхэм тыгъэ хуащI

Сабийхэр хъунэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым хэтхэр кIуащ Кременчуг-Константиновскэ жылэм сабий зеиншэхэр щапIу дт школ-интернатым.

ИлъэситI хьуауэ партым и Iуэхуэхэм я нэIэ тетщ мы Iуэхуэщ1апIэм. Хьэщ1эхэм интернатым тыгъэ хуащIащ лъакъуэрыгъажэ зэмылIужьыгъуэхэр. Хьэрычэтщ1эхэу КIорэф Азэмэтрэ Галачиевэ Светланэрэ щ1ыкIуэм ст1олыщ1хэ джэгу зэхэщ1ыпхэр хуащащ. Адэ-анэ зыщ1хьащ1ымытыж сабийхэр ягъэхущауащ кокушинкан-каратэ спортымкIэ Урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и гъэсэнхэм: абыхэм цIыкIуэхэм тыгъэ хуащIащ баскетбол, волейбол зэрыдджэгу топхэр. Щэч хэлъкъым интернатым кьыхуаца саугъэтхэр гъэмахуэ зыгъэнсэхугъэр изгъэужьу ягъэкIуэнымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхьуным. Сабийхэм я махуэ льапIэмкIэ ехьэхъуэхэщ партым и лIыкIуэхэу Канунниковэ Татьянэрэ Эфендиев ФуIудэрэ. ЦIыкIуэхэм папщIэ республикэм и артист ныжьыщ1эхэм концерт яташ, гушIэ тепльэгъуэхэр ягъэльэгъащ.

ЖАНХЪУЭТЗуз.

Зоопаркымрэ аттракционхэмрэ пщIэншэу лэжьэнущ

Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и унафэкIэ, Сабийхэр хъунэным и махуэмрэ сабиигъуэм и тхьэмахуэмрэ зэрырагъэкIэкIыну щыкIэр яубзыхуащ. Ди республикэм и кьалащхьэм я махуэхэм щекIуэкIыну щэнхабзэ, спорт Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр.

АПХУЭДЭУ мэкъуаугъуэм и 1-м сыхьэти 10-м щыщ1эдзауэ 14 хуэху Налшык жыг хадэм гуапагъэм, гулыгъэм я махуэм хуэгъэзащ1э нэгу зыужь Iуэхугъуэхэр щызэхащэнущ. А махуэ дыдэм сыхьэт 12-м щыщ1эдзауэ 17 хьуху аттракционхэм я кьалэ цIыкIуэм гуъазджэхэмкIэ сабий еджапIэ №1-м и гъэсэнхэр, художественнэ самодеятельность гупхэр зыхэт концерт щатынущ. Сыхьэт 17-м Хьэсэней кьуаэжм Щэнхабзэмкlэ и унэм «Сабийхэр зэи иремыгъ» фIэщыгъэ-цIэр зиIэ концерт кьыщ1эзрагъэпэщынущ.

Нэгуэзыужьу екIуэкIынущ спорт Iуэхуэгъуэхэр. Накъыгъэм и 30-м щыщ1адзауэ мэкъуауэгъуэм и 1 пщIондэ сыхьэти 10-м «Спартак» еджапIэ-спорт базэм еджакIуэхэм я джэ мини-футболымкIэ я зэхьэзэхуэ щекIуэкIынущ. Сто1олыщ1хэ теннисымкIэ кьалэ центрым мэкъуауэгъуэм и 1-м щыз1эхэтынущ спорт школхэм щеджэ ныжьыщ1эхэр зыхэт зэпеуэ. Сыхьэти 10-м Дубки хьэблэм щыIэ спорткомплексым кьыщыз1эрагъэпэщынущ 1990 - 1992 гъэхэм кьалъхуа ныжьыщ1эхэм я зэхьэзэхуэ. Сабий творчествэмкIэ кьалэ центрым шахматымкIэ турнир щекIуэкIынущ. Мэкъуауэгъуэм и 1-м щыщ1эдзауэ и 8 пщIондэ курыт школ №31-м и «Спартак» еджапIэ базэм Iэпщэ Александр и фэеплъ турнир щызэхащэнущ.

Зи ныжьыр илъэс 12-м нэмысса сабийхэм папщIэ аттракционхэмрэ зоопаркымрэ пщIэншэу лэжьэнущ сыхьэтыр 10-м кьыщыщIэдзауэ 14 пщIондэ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.

Нарт щIэблэм я джэгукIэхэр

«УРЫСЕЙМ и ныжьыщIэхэр» спорт комплексым и стадионым щекIуэкIащ «Нарт щIэблэм я джэгукIэхэр» къащIэ зэхьэзэхуэр. Абы сабий жыларгъэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я командзу 16 хэтащ. Мы зэпеуэр ирагъэхьэлIащ Пионерхэм я махуэ жаIэу нэхъапэхэм ягъэльэпIэу щыта пIалъэм. КьыхэгъэщIипхъащ зэхьэзэхуэр, хабзэ хъуауэ, иджы илъэс ещанэ льандэрэ кьызэрызэрагъэпэщыр.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр курыт школ №96-м и «Орленок» командэм, етIуанэр - курыт школ №67-м и «Зэныжьбжьэгъуэгъ» командэм, ещанэ увыпIэр - курыт школ №11-м и «Дыгъэм и бынхэр» командэм кьахъащ. Зэхьэзэхуэм кьыщыхэжьныкIэ нарт щIыкIуэхэм щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр иратащ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● ЩIэныгъэ

Урысей утыкум йохьэ

ЛОМОНОСОВЫМ и цIэр зэрихьэу Москва дэт университетым щэнхабзэмкIэ и центрым щекIуэкIащ Урысейм социально-экономикэ зэпIэлъэныгъэ иуухэнымкIэ Iуэху бгъэдыхьэжьщIэхэр кьэгъэсэбэпа зэрыхьунум теуха щэнныгъэ-практикэ конференц. Ар кьыхэригъэпэщащ Естественнэ щIэныгъэ хэмкIэ Урысей Академием и зэхуэсым ипкъ иту. Абы и лжьыбгъэм хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм, Федерацэмкlэ Советым, Къэрал Думэм, щIыналъэ властхэм я органхэм, РАЕН-м и щIыналъэ кьудамэхэм я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балькъэрым кьыбгъэдэкIыу зэIуцIэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Къэрал мэкъумэш академием и проректор, профессор, Къабардинэ Црай. Абы ящIа докладыр т еухуат Урысейм и экономикэ зэфIэкIыр льагэу кьэIэтыжьыным Къэбэрдей-Балькъэрым хуищIыфыну хэлъхьэныгъэхэр» ар республикэм зиужьынымкIэ ди экономикэм и аграрнэ кIуэдамэм нобэ иIэ зэфIэкIхэмрэ. Къагъырмэсыр куууэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и мэкъумэш IэмкIэ зэхущытыкIэхэм щIэуэ я кьыщыхалъхьа Iуэхугъуэхэм я пкъ иту щIэныгъэмрэ иджыдей технологиещIэхэмрэ я мыхьэнэр сыт и лъэныкъуэкIи кьэлъытэн, кьэгъэсэбэпын зэрыхуейм, инвестицIэм ехьэлIауэ республикэм щекIуэкI лэжьыгъэшхуэхэм. Апхуэдэу конференцым хэтхэр щыгъуазэ ищIащ ди республикэм АПК лъэрыкъ кьыщызэгъэпэщыным щIэныгъэ лъабжьэ быдэ езыгъэфIын Iэнатlэхэри дыдэриIэм: мэкъумэщ академие, мэкъумэщ хозяйствэмкIэ, ветеринарнэ щIэныгъэ лъабжьэ быдэ езыгъэфIын Iэнатlэхэри дыдэриIэм: мэкъумэщ академие, мэкъумэщ хозяйствэмкIэ, ветеринарнэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди республикэм и щэнхабзэм и кьулеитIу нэхъыщхьэ дыдэхэм яныщIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр. Ар къызэрыгъэпэщыр мэкъуауэгъуэм и 1-м илъэс 80 ирокъу.

КОЛЛЕКТИВЫМ кьикIуащ гъэзугаиэншхуэ, ди щIыналъэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, мамырыгъэм, хабзэ дахэхэр щIыхуэм яхэщIыным, щIэблэр тэмэму гъэсэным гуащIафIэу икIи зэчиифIэу телажьэуэр.

Тхылъ тедзапIэм ди кьэралыгъэшхуэм щекIуэкIа епIыныгъэхэм мызэ-мыгъэ пащрыигъэ кьыщIахьащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и щIэр фIыкIэ щIыналъэ жьыкъэхэм щигъэIуащ. Зи гугъу тщIы коллектив хъарзынэр сэбэп ин хъуащ адыгэ, балъкъэр литературэхэм зэпымыууэ заужьынымкIэ, зэчиищхэу зыбгъэдэлъ тхакIуэхэр, усакIуэхэр ди щIыналъмэ Урысей къэралыгъэшхуэмк1э и лъ быдэкIэ щыIэныкIэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лъжьакIуэхэр гурэ псэкIэ дохъуэхъу тхылъ тедзапIэм и зэфIэкIэр дэпэкIи нэхъри бгъэуэну, дэрэжгъуэ щымыщIэу япэкIэ кьэдгъэкIуэтэн!

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тхыдэм, щIыху пэрытхэм, зыIэригъэхьа екъуIэныгъэхэм, кьыпщыщ ныкъыщIэхэм теуха тхыгъэ ди газетым кьытехуэнущ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

● Юбилей

«Эльбрусым» и льагапIэхэр

Махуэгъэпс ■ Фэеплъ ■ Парт лэжьыгъэ
КЪЭБЭРДЕЙ
Дин ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Гъунапкъэхъумэхэм я махуэшхуэ

Накъыгъэм и 28-м «Форум» Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щагъэлъэпІащ Гъунапкъэхъумэм я махуэр.

Гъунапкъэхъумэдзэхэр зэрыщыІэрэ илъэс 90 зэрыри́къум ирагъэкІуэдащэу гуфІэгъуэ зэхэлъэм къыщыхъуащ Къэрал Думэм Правительствэмрэ, Парламентымрэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я Іыкіыгъэхэр, къалэ, районыгъэ, Іуэхугъэ-гъэсагъэ, гъэсэныгъэ, гъэпсыкІагъэ, гъэлъапІагъэ, гъэсныгъэ, гъэпсыкІагъэ зэрыщыІэхэм я лІыкІыгъэхэр, къалэ, районыгъэ, Іуэхугъэ-гъэсагъэ, гъэсэныгъэ, гъэпсыкІагъэ, гъэлъапІагъэ, гъэсныгъэ, гъэпсыкІагъэ зэрыщыІэхэм я лІыкІыгъэхэр, Мэзэкуе областым къикІа хъэщІэхэр.

УФ-м и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ генерал-майор **Агеенко Иван** фІэкъуэ псалъэ гуапэхэмкІэ хъэщІэхэм захуигъэзащ. Адэкіэ ар кІэщІу тепсэлъыхьащ илъэс 90 гъэсэгъанэ зэрыкІуэ Гъунапкъэхъумэдзэхэм я тхьцэм, езыр зи унафэщІ Іуэхущапіэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыІэ илъэс 15-м игъэтэ зэхъуэжьынигъэхэмрэ зыужьынигъэхэмрэ.

- Сыт хуэдэ гугъуехь дыІымэ-уами, ар зэфІэхьыныкІэ щІэгъэкІуэн къыгъэхъущ рес-публикэм и унафэщІэр, Гъунапкъэхъумэхэм къалэнхэр щрахьэкІ куейкэм я Іэтащхьэгъэр, Іуэхущапіэ зэмылІужьыгъэхэр икІи дыззэрызэхащІыкІам папщІэ фІыщІэ фхузощІ, ди гъунапкъэхэр сакъыу зэрыфхъумэм папщІэ, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщім и зыбжанэм Правительствэм и Іыкіыгъэхэр яритащ.

Къэщіэхэм ящыщу къэпсэлъащ Москва областым и Руэсэ-кІэ муниципальнэ районым администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, вице-адмирал **Доброченко Владимир**.

- Сынывохъуэхъу гъунапкъэхъумэдзэхэм ветеранхэм, щІэблэр хэкуПсэу гъэсэным хуащІ хэхъуныгъэм папщІэ.

КъБР-м и Президент Къэнокъуэ Арсен зи махуэр зыІгъэпІэпхэм къахуигъэхьа хъуэхъум кьеджащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Къэзэр Альберт**.

- Властым и органхэм я лІыкІуэхэр дыщІыгъуаз щыІ, мыхьэнэшхуэ зиІэ фІи къалэным, зэхэмкІэ захуигъэзащ УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Махуэ Владимир** икІи абыхьэм я къулыкъущ пщІэрэ щыІхьэ пыІуэ зэрырахьэкІынур и фІэщ зэрыхъэр яжриІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ **Томчак Юрий** къыщыпсалъэм кьыжигъэщащ МВД-м къыбгъэдэкІ махуэшхуэ заугъэтым щыІэр, езыр зи унафэщІ «Гъунапкъэхъумэхэм тыгъэ зэрыхуащІэр.

Гъунапкъэхъумэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Іуэхущапіэм **Павленко Владимир**, заставэхэр зэдащІыІэ Іуащхьэмахуэ, Шэрджэ районым я Іэтащхьэхэу **Сотт-ев Къурмэнэ Темиржанов Махътырэ**, ветеранхэм я Налшык къалэ советым и унафэщІ **Абдуллаев Мустафа**, тенджвэ дзюдом и ветеран **Сохьур Баширэ** сымэ, нэгъуэщІхэмри.

Зи махуэр зыгъэлъапІэ гъунапкъэхъумэхэм ехъуэхъуну къэкІуахэм ІэнэщІ яхэтахьы. Къэбэрдей-Балъкъэрым и президентым и лъэныкъуэкІэ, гъунапкъэхъумэхэм хурагъэщащ «ЖКР» телевидэнэ-ІэнатІэ. Дискым зэреплъ техническэ 6, макъэмэ центру 1.

Тэрч куейм и лІыкІуэхэм егупащ къэрал гъунапкъэм и пІырыхэм. «Тэрчналмэс» ОАО-м и унафэщІ ПІэужь Адэлбий и щІэкІэ зи махуэр зыІгъэлъапІэхэм ехъуэхъуащ абы и къуэдзэ Дзбагъуэ Светланэ. «Гъунапкъэдзэр илъэс 90 ирокъу. Ди махуэшхуэ саугъэтри сом мин 90 мэхъу», - жиІащ Светланэ икІи абы сурэт дахэрэ уда гъэтъэрэ щыІагъуэ яритащ гъунапкъэхъумэ я унафэщІ Агеенко Иван.

УФ-м и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэм и ЩІыхь тхыльхэр яритащ сыт щыгъуи закъыщІэзыгъакъуэ, дзэпсыкъуэгъу къэхуэкъуэ щІэблэм я Іыхьэ къальитащ.

Гъунапкъэхъумэхэм зэрыщыІэхэм я къалэныр зэрырахьэкІым, я зыужьынигъэмрэ ехъуэпсынигъэхэмрэ щыхуфэм я деж нэмыкъэ ІэнатІэ ятелъэгъуащ. Накъыгъэм и 27-м Тырныауз зэгурыІуэныгъэ щІегьыпІащ КъБР-м и Іуащхьэмахуэ куейм. Иджы ди нэІэ щІэтынущ абы хиубыдэ Анатолий, Уэрдокъуэ Женя, Габуевэ Анна сымэ.

Махуэшхуэ пшыхьыр концерт дахэкІэ ихуащ.

ДЫГУЛЫБГУ Сэтэней.

● ДифІ догъэзытапІэ

Япэ ит

Накъыгъэм и 27-м КъБКъУ-м и актовэ гъэлъапІэм щыІэзэхэтащ. Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Щэрдан Іэбу илъэс 80 зэрыри́къум теухуа пшыхь гуапэ. Абы къекІуэлІат Іэбу иригъэджахуу, ноби адыгэ щэнхабзэм, бзэм, гъащІэм хэлІыфІыхь куэд, студентхэр, Щэрданым и ныбжьэгъухэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

ЮБИЛЯРЫМ ехъуэхъуну яп псалъэгуапэ яритащ КъБКъУ-м и проректор **Тау Хьэзешэ**.

- Ди ныбжьэгъу ЛъапІэжэ, гу зэрыпыІэфтащ, нобэрей махуэр университетым щыІажэ поми ди зэхуэдэу дгъэпсалъапІэ - ди ныбжьэгъу лэжьагъу нэхьыкъ Щэрдан Іэбу и гуфІэгъуэщи, ар дри дэдмыІыгъыпкІэ Іэмал иІэкъым, - жиІащ Хьэзешэ. - КъБКъУ-м и ректор Къарамырзэ Барэсбий унафэ ищІащ Іэбу ЩІыхь тхыльрэ ахъшэ саугъэтрэ зэкъэзэрратыж техуауэ. Си гуапэу сынохъуэхъу, Іэбу. ЦІыхУм уагъэльапІэу, уи чэнджэщым щІэблэр щІэту, уи пщІэр лъагэу иджыри куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу.

Апхуэдэу КъБР-м и гъэзджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий** псалъэ гуапэкІэ Щэрданым зыхуигъэзащ.

- Си сропагэ Іэбу зэрысцІыхум, си чущиякІуэу зэрыщІагъ. Биологие кІуэдамэм и декану сыпэжьэн щыщІэздзам щыгъуэ, Іэбу чэнджэщ щхьэпэхэр къызиту, лэжьагъэ и Іуэхущэ сиунэтІу щытащ. Сэ ар зэи сщьгъупщэнукъым. Егъэджэнгъэм, щІэныгъэм, Іэщэсэныгъэм и гуащІэ куэд зэрыхилъхьам папщІэ, Іэбу Щ1ыхь тхылькІэ дохъуэхъу.

Адэжь утыкум къыхьащ КъБКъУ-м и проректор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Башиевэ Светланэ** филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщІ **КІуэкІуэ Жэмалдин** КъБКъМА-м и ректор, щІэныгъэщхьэ, Іэбу и студенту щыта **ГъущІапщэ Эльмирэ**. Эльмирэ юбиляРым ехъуэхъуащ икІи КъБКъМА-м и ректор Жэрдкъуэ Зырис и хъуэхъу тхыгъэм кьеджащ. Апхуэдэу пшыхьым кьекІуэлІахэм хэтащ Налшык къалэ администрацэм и бзэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ **Борчаев Камал**, КъБКъУ-м Іуэрыдуэтэмэ Кавказ пшэрыдзэхэм я литературэмкІэ кафедрэм и унафэщІ **ЦІыпІынэ Аслъэн**, бзэ щІэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Динэ**, «Урысей» хъэщІащІым и директор **Сокъур Евгение**.

Ди гъунэгъу республикэхэм къикІа хъуэхъу тхагъэхэр хуабжьу я гуапэ хуащІ Іэбуи къызэхуэсахэми.

Пшыхьыр ягъэдахащ «Кавказ пшэрыдзэр» къэфакІуэ гупым хэтхэм. Сабийкэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэм и унэм и гъэсэнхэр уэсэ-хъуэхъу хьэлэмэтыщІэхэм кьеджащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● ПащІэ Бэчмырзэ и музейм

Лъэпкъым и узэщІакІуэ

АдыГэ куэд Тыркуем щыкІуэ лъэхъэнэм жылэкэ къызэкІуэкІуэрэ лъагІуэрэ: «Уи хакуэ къызэмыгъанэ, зыщІалІи фІымкІуэ, хамэщІым насыпи щыІэкъым». Арщхьэкіэ абы кІуэмэ, бэлыхь мыхуэжьыр Іэщыбі яхуэжьуну гугъэ зыщІахэр мурадым кьытешыгъуеят. Лъэпкъыр зэкъуэчэ зэры чъм иригъэвэрт, иринэщхьеят, ахэр кьыхэрызэтригъэувыІэнэм егупсысырт узэщІакІуэ, усакІуэ ПащІэ Бэчмырзэ.

УсакІуэр мыгувэу Тыркуем макІуэ, адыгэхэм яхуэзэну, я псэукІэр зригъэгъотыну. ЗдэкІуам щІэзыгъэкІ нэхъри и гур екъуэтэ. КьыжраІэ: «Зыри кьремыкІуэ, ди щІыпІэ дахэм иресыж. Дэ щыуагъэшхуэ длэжьащ.

Кьыжкъэжри, зыхуэзам кьыжраІамрэ езым ирилъэгъуамрэ къуэжэ-кьуажэкІэрэ кІуэурэ щеІуэтэж. А щІыкІэм тету Бэчмырзэ кьызэтрегъэувыІэ Іэуэгуанэ теувэну зызыгъэхьэзыра куэд. АтІэ, кьыгъбгъэзэжурэ бгъэлъапІэми, и цІэр нэхъри лъагэу пІэтми хуэфащэкъэ, зэчишхуэ зэрыбгъэзэнымрэ кьыжмэщІауэ, лъэпкъым а Іуэхур хуэзыдлэжьа ПащІэ Бэчмырзэ.

Арат зытеуухуар Нартан кьуажэм ПащІэ Бэчмырзэ и музей дэтым иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэр.

Мыбы кьырихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкІэ и институтым щезыгъаджэхэмрэ щеджэхэмрэ. Бэчмырзэ кьинкІуэ гъащІэ гъэуганэм яхутепсэльыхьа нужьыкІэ, музейм и унафэщІ ПащІэ Ленэ кьызэхуэсахэр хадэм ирипащ. Зэгуэр дадэм хисаулэ щыта жьы щІагъым Бэчмырзэ и усэхэм кьыщеджащ.

Дунейм и дахэгъуэрэ махуэри хурабэу ирихьэлІати, мы музейм кьекІуэлІахэм яльэгъуари дадэ Іумахуэм теухуауэ кьащІари ягу зэрыдыхьар жаІэу зэбгрыкІыжащ. Хабзэ дахэу игъэващ Іэнэ мы музейм щІалэгъуалэр щызэбгъахьэну, лъэпкъым и узэщІакІуэм и гъащІэмрэ и ІуэхущІафэхэмрэ щІэблэр щигъэгъуэзэныр.

ТОХЪУТЭМЫЩ Іланэ.

Дызыкъкіуэ мазэм

● Махуэгъэпс

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 1-м

♦ 1921 гъэм «Красная Кавардэ» («Къэбэрдей Плыжьхь») газетым и япэ номерыр кьыдэкІащ.

♦ 1924 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр кьыдэкІащ.

♦ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦ Пыщ1эгъэльадэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 2-м

♦ Илъэс 80 ирокъу (1928) Къэбэрдей-Балъкъэр льэпкъ тхыльтедзапІэ кьыззрызэІуахэр.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 3-м

♦ 1907 гъэм Урысейм и етІуанэ Къэрал Думэр зэбгрэутІупщыкІыжащ.

♦ Илъэс 65-рэ ирокъу (1943) Налшык лы комбинатыр зэрызэфІагъэувэжащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу пъуб1ицист, КъБР-м щыхь зиІэ и журналист «Адыгэ псалъэ» газетым и къуэдзэм и унафэщІ **Шал Мухьэмэд.**

♦ И ныбжьыр илъэс 50 ирокъу КъБР-м щыхь зиІэ и Іуэхущ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Ещтрэч Сультан.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 4-м

♦ 1856 гъэм кьызэІу ахащ Третьяковскэ галереер.

♦ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) Налшык щекІуэкІащ республикэм и цІыхьбзэм фашистхэм я бийуэ кьызэрагъэпэща пэжыр.

♦ Залымыгъэм текІуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 5-м

♦ 1945 гъэм Германиер зэрыхагъэщІамкІэ икІи СССР-м, Инджылызым, США-м, Франджым я правительствэхэм Германием и я ласть нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зэрагъэзэщІэнымкІэ декларацэм ІэщІадзащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу республикэм и журналист нэхъыжьхэм ящыщ зы, тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Адыгэ псалъэм» и къудамэм и унафэщІу щыта **Бекъан Чыланий.**

♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу къуэшхуэ **Бештокъуэ Хьэбас.**

♦ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 6-м

♦ 1799 гъэм кьалъхуащ урыс усакІуэшхуэ **Пушкин Александр.**

♦ Урысейм Пушкин Александр и махуэр щагъэлъапІэ.

♦ 1944 гъэм ЕтІуанэ фронтыр кьызэІуахащ.

♦ 1945 гъэм «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.» медалыр ягъэуващ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 7-м

♦ 1881 гъэм Пушкин Александр и фэеплъ Москва кьыщызэІуахащ.

♦ 1936 гъэм КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ и республикэ комитет кьызэрагъэпэщащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 8-м

♦ 1661 гъэм Идар Темрыкъуэ и кьуэрылъху хахуэ **Черкасский Муцал** дунейм ехьжащ.

♦ 1943 гъэм Налшык щекІуэкІащ фашистхэм я бийуэ, политикэ цІэрыІуэ **Андропов Юрий**. 1984 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Илъэс 65-рэ ирокъу КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Пщ1ыгъуэш Юрийкъэзыухъурэ**, 2008 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 9-м

♦ 1672 гъэм кьалъхуащ урыс пащтыхь **Петр I** 1725 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ 1964 гъэм Іуащхьэмахуэ и щыгъуэ, япэ дыдэу гупышхуэ дэкІащ.

♦ КъБР-м щыхь зиІэ и докутыр **Чым Агнесэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦ Музейм и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 10-м

♦ 1774 гъэм Урысейм и Тыркуем зэрращІилІащ Кючукъайнарджий мамыр зэгурыІуэныгъэр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдейр Урысейм и зы Іыхьэу кьалытащ.

♦ 1936 гъэм кьызэрагъэпэщащ «Союзмультфильм» киностудиер.

♦ 1925 гъэм кьалъхуащ УФ-м и щыхьбзэ артист, режиссер цІэрыІуэ **Ерчэн Леонид.** 2002 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Инарокъуэ Аллэ** кьыщалъхуа махуэр егъэлъапІэ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 11-м

♦ 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етІуанэу кьратащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 12-м

♦ 1942 гъэм Зеикъуэ кьуажэм (КъБАССР) кьагъэІэпхъуат Хамэ кьэралыбзэр щаджу Ленинград дэт пединститутыр.

♦ 1990 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетыр кьащтащ.

♦ Урысей Федерацэм и махуэщ.

♦ 1939 гъэм кьалъхуащ АР-м и цІыхьбэ артист, УФ-м и КъБР-м щыхь зиІэ я артист, драматург цІэрыІуэ **Мурат Чэпай.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 13-м

♦ 1936 гъэм Къэбэрдей льэпкъ драмэ театрыр кьызэІуахащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 14-м

♦ 1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуэхущ эмкІэ и управленэр кьызэрагъэпэщащ.

♦ Донорым (лы зытым) и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 15-м

♦ 1561 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и деж Думэныкъуэ, и щхьэгъу сэ Бекъулат, а тІум я кІуэ з Саин-Булат сымэ и гъусэу Москва нэсащ.

♦ 1914 гъэм кьалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, политик цІэрыІуэ **Андропов Юрий**. 1984 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Илъэс 65-рэ ирокъу КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Пщ1ыгъуэш Юрийкъэзыухъурэ**, 2008 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 16-м

♦ 1930 гъэм Волгоград(Сталинград) трактор заводыр лажьэу яутІыпщащ.

♦ 1963 гъэм **Терешковэ Валентинэ** «Восток-6» кхъухьмкІэ кьэрышьлъэтащ.



♦ 1992 гъэм Урысей Федерацэр Дунейпсо банкым хыхьащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 17-м

♦ 1565 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и кІуэ Мамсырыкъуэ Москва нэсащ.

♦ 1961 гъэм Налшык экранибгъуэ зиІэ «Восток» кинотеатрыр кьыщызэІуахащ.

♦ Щыгъ гъущыныгъэ узгъуэм пщІэтынымрэ я дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 18-м

♦ 1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ кьыщызэІуахащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 20-м

♦ 1957 гъэм Москва Союзэм я Инэм и Колоннэ залышхуэм ящыщ зыІэуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Іуэхуджэмрэ литературэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэр. Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрыпрыкъуэм теухуауэ щытар.

♦ Зи льапсэр зыбгынэн хуей хъуахъуэхэм (беженцхэм) я дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 22-м

♦ 1941 гъэм Хэку заузыкуэр къэхьеящ.

♦ Хэкум и хъумакІуэхэм я фэеплъ махуэщ

♦ 1944 гъэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым дежь Архив управленэ кьыщызэрагъэпэщащ.

♦ 1967 гъэм Налшык ПТУ-7-м и цІыхьбз спортсменкІэ 15 республикэм и щыхьэрым щежьауэ щытащ лъакъэзыргъажкІэ Ленинград кІуэну.

♦ И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу физикэ-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэпащ1э Юрий.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 23-м

♦ Илъэси 140-рэ и пэкІэ (1868) зэрыгтхэ машинкэ къагупсыщащ.

♦ 1941 гъэм Къэсейкъэблэ щыщ Тхьэмлокъуэ Хьэсэн заузым и етІуанэ махуэм Лыгъэщхуэ хэлъу и гъащІэр Хэкум папщІэ итащ, гранатэхэр щІэпхауэ фашист танкым зыщІидзэри. Езыр хэкІуэдащ, и ныбжьэгъуэхэр къригъэлащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 24-м

♦ 1937 гъэм республикэм и Советхэм я чрезвычайнэ съездым кьыщтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ Конституцэр.

♦ 1945 гъэм Москва и Ут Плъыжьым Текіуэныгъэм и парад щекІуэкІащ.

♦ Илъэс 85-рэ ирокъу филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Урысей Федерацэм и Адыгэ Республикэми щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **КІэрашэ Зейнэб** кьызэрадлъхурэ. 1998 гъэм дунейм ехьжащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 25-м

♦ 1918 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым граждан зауэр кьыщыхьеящ.

♦ Илъэс 10 и пэкІэ (1998) Краснодар кьыщызэІуахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и еплІанэ зэхуэсыщІэр.

♦ Славянхэм я зэныбжьэгъу-ныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 26-м

♦ 1920 гъэм Налшык и Татишье хьэблэм япэ санаторэ кьыщызэІуахащ. Абы Сталин Иосиф зыщІигъэпсэхуащ.

♦ 1938 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу режиссер, КъШР-м и цІыхьбэ тхакІуэ **Абдокъуэ Матало.**

♦ Наркоманиемрэ наркобизнесымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 27-м

♦ 1979 гъэм ягъэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхьбэ тхакІуэ» щІэлъапІэр.

♦ Урысейм и щІалэгъуалэм и махуэщ

♦ Бдзэжьеящэм и дунейпсо махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 28-м

♦ Илъэс 60 и пэкІэ (1948) кьызэрагъэпэщащ Архитекторхэм я дунейпсо союзыр.

♦ 1991 гъэм Экономикэ ЗэдэлэжьэныгъэмкІэ Совет-тыр (СЭВ-р) зэбграуты пщыщІыкъащ.

♦ Изобретателымрэ рационализаторымрэ я махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 29-м

♦ Илъэси 100 и пэкІэ (1908) Тунгус метеоритыр щыІ щыхьэгъуэ.

♦ 1940 гъэм Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер хъунухэм кьаухаущ Лунначарскэм и цІэр зезыхьэ театр институтым и адыгэ студиер.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ И 30-м

♦ Илъэси 100 и пэкІэ (1908) Бахьсэн, Дзэлыкъуэ и мэкъумэщыщІэхэм зыкъыІэтащ.

МЫ ГЪЭМ:

♦ Илъэси 170-рэ и пэкІэ (1838) Лэскэн быдапІэр ухуэн яухащ.

♦ Илъэси 170-рэ и пэкІэ (1838) Александровскэ станицэр жылагъуэу тІысащ.

♦ Илъэси 155-рэ и пэкІэ (1853) дуней кьытехьащ адыгэ щІэныгъэлІ, тхакІуэ **Бырсей Умар** зэхилъхьа «Шэрджэсэбзэм и альфбейр».

♦ Илъэси 150-рэ и пэкІэ (1858) Къэбэрдей округыр кьызэрагъэпэщащ.

♦ Илъэси 100 ирокъу адыгэ тхакІуэ, усакІуэ **Къуэныкъуей Мухьэж** кьызэралъхурэ. 1942 гъэм зауэм хэкІуэдащ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШІ НурхьэлІий.

Заурбий хуэдэхэр ящыгъупщэркъым

**Зи Іэщ1агъэм хуэІэжь, лэжьыгъэр яп изыгъэщ1ыхь пщ1э кьабгэт, мурадыщхуэхэр щІэ1эжьІыщхуэу Урысейм щІыхьэ егъэджныгъэкІэ и отличник Гугъуэтыжь Заурбий Алий и кьуэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, и гугъэмрэ и гъащІэмрэ зэтемыхуауэ, и кьаруильыгъуэрэ и псэугъуэ дахэу дунейм екьжащ кьыдэлажьэхэми ныбжьэгъуэхэми щІэ1эхуащІу кьэзгъэуГуРыкІуэ я щІыхь гуапэкІэ щІэныгъэм и доктор, профессор Къэрэдаг Аслан и ныбжьэгъу, Къэрэдаг Аслан и ныбжьэгъу, Къэрэдаг Аслан и ныбжьэгъу,

Хьэжнэгъуейхэ Къанэмэтрэ Іэминрэ

● Фэеплъ

Нэхъапэхэм лІыжь-фыызыжь уГъурлыхэм, гъашІэм и щхэу Іэджэм фІыуэ щыГъуазэхэм я бынхэр, абыхэм я бынымкІэ щІагъэдэІуРт тхылэм, лъэшкъ хабзэхэм, лЫхъужь нэхэм яТеуХуа хъыбархэм; сабийхэр щІапІыкІыРт таурыхъхэм, псыеу дахэхэм, псалъэжь Іушхэм, мусЫымэныгъэм и дерс щхьэпэхэм.

АПХУЭДЭ лІыжь-фыызыжьхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, машІэ дыдэ хъуащ. Дунейм екъжащ «дыщэ пхъантэ» къэгъуэгурыкІуа нэхъыжьыфІхэм ящыщ куэд, лІэужьыфІ, Іэуэныфі Іэджэхэр къытхуагъанэри.

«Псэуащ» зыхужьытІэхэм яхьхьащ Малкэ къуажэм фІыуэ къыщаІыхуу щыта Хьэжнэгъуей Іэмини. Абы и ныбжьыр илъэс 98-рэ хъуат, «лІэщІыгъуэм сынэсынымсыхущІокъу» - жиІэрт, гушыІэурэ.

Сыхуейщ кІэщІ дыдэу ныфхуэсІэутэну а щІыху гъуэзэджэм и псэукІар, игъэва гугъуехьхэр, зэфІигъэкІа Іуэхуфіхэр.

Си тхыгъэм къыхэзгъэщыпхьэу собж Іэмин и адэ Къанэмэт (куэдыр гъэфІагъэбзэу «хьэжы щыкІуклІэ» зэджэу щытар) псэухункІэ ислъам диным гурэ псэкІэ зэрыхуэзэжьар. Абы япэу игъуэта и быным щІэуэ фІищат мусЫымэн зэхъыныгъэм Тхьэм щельэІуакІэ жиІэрей псалъэр, «Си Тхьэ, сызэхэх, си лъэІур къыхсухущІ» мыкъэнэр зиІэр. Къанэмэт хьэж ищІат, хьэрыпльбзэр фІы дыдэу ищІэрт, къуажэм щекІуэкІ дин Іуэхуэм жыджэру хэтт, щІыхьэр къыхуаразыт.

ЩІэщІ гъэхэм, дин лэжьакІуэхэр зэхэзэхуэн ящІу щыщІадзам, жьы дыдэ хъуати, Къанэмэт политикэ залымыгъэр къыпльІэсакъым. Аущ абы и гъэсэн, КъурІэныр фІыуэ зыджа и кІуэ нэхъыжьыр, балигъ зэрыхъуу, бэлыхь Іэджэм хагъэтащ. Сыбыр Жыжьэм яшэри, щагъэлэжьащ илъэсиплІкІэ, къытралъхьэри хьэлъэу.

Хуит къэхьужу и адэжь лъаХэм кьигъэзэжа нэужь, 1935 гъэм и мазаем, я къуажэм къыщызэрагъэпэща колхозым Іэмин хагъэхьри, зыкъомрэ пщафІэу щылэжащ. И адэр псэужтэкъым. И анэ Баринэ сымаджэт, жьы хъуат. Хьэжнэгъуейм лэжьыгъэ зыбжанэ эдихьыт, унагъуэр зыхуей хуэзэн папщІэ. Псалъэм папщІэ, махуэкІэ мэкъуеэрт, жэщкІэ Іэтэ зэтрилъхьэрт. ЩІымахуэм фермэм тест, мэкъумылэ кІрищалІэрт, жэщкІэ пТыьрт.

1940 гъэм Іэмин, пІалъэ кІэщІкІэ механизатор Іуэхуэхэм хуагъасэри, тракторым трагъэтІысхьэ. Хэку заущхуэм ягъакІуэркъым - зауэм Іутхэр іэшхэм хуейтэкъэ! ГуащІафІэу, сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщу ирихьэкІащ и кьалэн мытынщхэр: щапхъэфІтвэныМкІи, сэнымкІи, гъавэр кІэрыхуншэу къехьэлІэжьнымкІи. «Афэрым» къыхужаІэу къэгъуэгурыкІуащ Іэмин, дэтхэнэ ІэнатІэми щыпэрыту. Илъэс 14 и ныбжьыр зэрыхъуэрэ лэжьыгъэ нэхъ гугъу дыдэхэр кьыпльагъэсырт. Ар яхэтащ Балъкъыпсым япэ дыдэу гъущІ-бетон лъэмыж тезыльтхьахэм, Малкэрэ Къулькъужьмрэ зэпызыщІэ гъэугур зыхухаухэм.

Илъэс 40-м щІигъукІэ пэрытащ механизатор Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Пенсэм кІуа нэужьи, цІыхухэм сэбэн яхуэхъу зыщалъхуа жьлтэжьым щыпсэуащ, гъэсакІуэ, узэщІакІуэ гъуэзэджэу, куэдыр кьечэнджэщу, зыри имыгъэщІэхъуу, зыгуэрым хуэщІ-дэм, дин Іуэхуэхэм теухуауэ кьыпкъыпщІыхьыну къыхуеблагъэрт еджагъэшхуэ БгъэжьнокъуэУ Барэсбий, хамэ щІыпІэм къикІыжа ди лъэпкъэгъуэхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэ щІыкІуэхэр. ФІыуэ сощІэж: хэти кьыпежьэрт нафІэгуфІэу, бзэ Іэфіу, хьэщІэхэр зэригуапэр нэрылъагъуу. Іэмин хэтИ игъэныбжьэгъэрт. Езыр зыщыгъуазэхэр кьеупщІхэм кьаХуиТуатэрти, абыхэм къыжраІэхэми гупсэхуу едаІуэрт. Си щхьэкІэ Іэмин къэслытэрт си адэуи, си къуэш нэхъыжьыри, си ныбжьэгъууи. Куэдрэ псэльэгъу сщІыуэрэ, а тхьэмадэ тельыджэм гъэщІэгъэн Іэджэ къезгъэІуатэрт.

Зэгуэрым, «сыночэнджэщыну сыкъэкІуащ» - жиІэри, нысхуеблэгъати, си гур хэхъуаэу, си щхьэр нэхъ льагэу сльагъэжаэу къысфІэщІат. Ауэ абы и упщІэхэм (диныр псоми егуГуу щІызэрамыхьэм, щІалэгъуалэр щІэсэхъуэм, цІыху зэхущытыкІэхэр щІекІакІуэм и щхьэусыгъуэхэм, лэжьыпхьэхэм теухуахэм) дахэ-дахэу жэуап схуемытауэ къысфІощІыжри, нобэр къыздэсым сигукІэ сызыхуошхыдэж. НэхъыкІэжращи, мы зэманми сщІэрыкъым апхуэдэ упщІэхэм я жэуап зэІубхэр.

Іэмин куэдрэ тепсэлъыхьми, хуэІуэтэщІыгъкъым и унагъуэм зэгуэрым кьытехуауэ щыта лешкъуэхэр. Гъыбзи иусыгат, а мыгъуагъэ иным теухуауэ. Мис абы щыщ пычыгъуэ щыкІэ:

Зи Хэкум имысыж куэдыр
Дызэхуосри, дызыхуопхьэ,
Дунеижьым дыкьызэрытехьэрэ
Дылажьэу, дышхэж ди хабзэт.
АтІэ мыгъуэ сытхэр ди лажьэу
Сыбыржьым дыкьагъэкІуа?..

Тхылъ пІащэ тептхыхь хъунущ Іэмин и мусЫымэныгъэм. ЖыпІэ хъунущ ар и адэм и лъагъуэм темыкІыу тетауэ. Іэмин дин хабзэхэр ткІийуэ игъэщІэрт. Абыи кьыщымынэу, Іуэхуфі куэдым я жэрдэмщІакІуэт. Іэминщ ди къуажэм япэу дащІыхьа мэжджытыр зыхуэят хуэзыгъэзар, лажьэу зэфІэзыгъэувар. Іэминщ Сирием егъэджакІуэ кьришу, ди жьлтэм дзе сабийхэм ящыщ куэдыр исЫамым и фІыгъуэхэм хэзыгъэгъуэзар. Іэминщ ди хьэблэ сабийхэр КъурІэным еджэфу зыгъэсар, адыгэ хабзэхэмкІи дерс нэхъыфІ дыдэхэр зытыфу щытар...

Къуажэм гузэвэгъуэ кьыдэхъуэмэ, абы япэу нэсхэм ящыщт Хьэжнэгъуейр. ГуаУэ зиІэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІигъакъуэрт Іуэхуэхъэ Іэджэ ягуэщІэрт. Ауэ псапащІэт, зы кІэпІейкІи къаИмыхьыт щІыхуэхэм зэрадэІэпыкъур.

«Іэмин дунейм ехьжащ» - къэІуащ хьыбар гуауэ. Ар куэд дыдэм гущІыхьэ ящыхъуащ. ДыуэщІым хэтащ ди къуажэгъуэхэр, Налшык кьикІа щІэныгъэлІэхэр, хамэ щІыпІэхэм кьикІыжа ди лъэпкъэгъуэхэр, мусЫымэн Іуэхущ Іапі эм и ЛІыкІуэхэр. ЦІыхуищэ зыбжанэ кІэлъыкІуэтащ иужьрей гъуэгуанэм теуба лІыжь щыпкъэм, ахърэтыфІкІэ абы хуэхъуахьуэурэ. Зэрыхабзэщи, апхуэдэхэм я фэеплъ нэхъуэр щІыхуэм я гум куэдрэ иужьыкъым.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Муэсбий.
Дзэлыкъуэ куей, Малкэ къуажэ.

Сыт ар зищІысыр?

ЦІыхуфІ дэтхэнэри хьэдэлщ. Хьэлэлущ дапщэи зэбэп хуохьу дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэм, Алыхь Иным и фІэщыгъэ 99-м языхэзыр «Хьэдэлщ». Хьэлэлыгъэ зыхэлъыр Тхьэм и щІасэщ. Аракъэ псом нэхърэ нэхъыфІыр?

Уэ пшІэуэ къыщІэкІынщ, цІыхухэми фІыуэ ялъагъур нэпсейхэракъым, хьэлэлхэращ. Алыхьыр ящогуфыкІ цІыху жумартхэм, яхуэфІкъым хьэлэлагъынщэхэм. Хьэлэлхэм я Іуэхуэхэр фІы щохьу мы дунейми ахърэтми. Алыхь Иным мыпхуэдэу жиІащ:

«Зи мылькур Алыхьым щхьэкІэ зыгъэкІуэдыр хуэдэщ щхьэмыжжиблу къыхэкІа жьлэм, щхьэмыж къэскІэ хьэдэщэ зэрыпльым. Альхьым щхьэж зэрыхуэфащэкІэ и мылькур хуегъэбагъуэ. Алыхьым псори кьызэщІеубыдэ, ещІэ». («Іэл-Бэкъэрэ» сурэ, 261-нэ Іэят).

Исльамым иубзыхуащ зьэлІэлэу уэрэщыгъпхьэ хабзэхэр. Абыхэм кьагъэув ьхьэлэлыр, Іуэхуфі илэжьа нэужь, зыщытхъужьи хуэмейуэ, фІы зыхуищІам ар зэи ирихьэныж мыхъуну. Уэзыщытхъужьмэ, фІы зыхуэпщІам и жагъуэ пщІымэ, уи псапэхэр пфІэкІуэдынкІи хьунущ. Абы теуХуаущ Алыхьым и псалъэу КъурІэным итхэри. Мис аХэр: «Зи мылькур Алыхьым хуэзыгъэкІуэдам езэмыхьэныжхэу лей езымыхьэхэм я фІыщІэр я Тхьэм дежщагъэтхыжнущ, абыхэм шынагъуи нэщхъеягъуи кьалъэІэсынукъым. (Тхьэмыщкіэм дахэ) жеПэуРэ дзбгъэжьыкъынщ, (кьуищІар) хуэфбгъэгъуныр нэхъыфІщ и жагъуэ пщІыуэ етт сэджыгъым нэхърэ. Алыхьыр бейщ, тэмакьыхьыщ», («Іэл-Бэкъэрэ» сурэ, 262-263-нэ Іэятхэр).

Исльамым мусЫымэнхэр кьыхуреджэ я Іуэнэгъуэхэм, хьэщІэхэм, Іыхьлыхэм гумащІэу яхуитыну.

ХьэщІэхэм, зэрыхабзэщи, бысымхэм я деж щагъуэт тынщыгъуэ, ерыскъыфІхэр, гуапагъэ. Апхуэдэу хьэлэл бысымхэр кьэпльытэ хьунущ Іиман іиэхэм ящыщу. Бегъымбар льапІэм жиІащ: «Тхьэмрэ ахърэтымкІэ фІэщхьунытэ зиІэр и хьэщІэм хьэлэлэу хущытытхъэщ».

Исльамым кьалэн къытщещІ ди Іуэнэгъуэкъэм зэхэпхуэкІкІэ дахуэщхьэпэну, дахуэхьэлэлыну. Бегъымбарым и псалъэщ мыхэри: «Джэбрэил мелыІычым апхуэдизу тригъэчныхьхэр кьызэкІуэрэ кьызэкІуэрэ фІы хуэтщІэн зэрыхуейри, сигу кьэкІат абы (гъунэгъум) си мылькур щІэину льыэзгъэсыпхьэу пІэрэ, жысІэри».

● Мыслъымэн ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза дерсхэр

Хьэлэлыгъэ

Исльамым кьалэн къытщещІ ди Іыхьлыхэм дакІэлъыпльыну, сыт и лъэныкъуэкІи дадэІэпыкъуну, ямыІэ мылькумкІэ защІэдгъэкъуэну. Алыхь Иным жиІащ: «Уи благъэм и Іыхьэр етыж». («Іэл-Іисра» сурэ, 26-нэ Іэят).

Нэхъыфі уащІ

Хьэлэлагъым, гуапагъэм цІыхухэр нэхъыфІ ящІ, пщІэ зэхуэщІу, зэгурыІуэ-зэдэІуэжу егъасэ. Апхуэдэ зэхущытыкІэфІхэр щытепщэ щІыналъэм щыбольагъу цІыхухэм я кьэлащэн нэхъыфІхэр, кьуелІэкъэм кьуелІэсызэкъэм мамыру, нэмыс яхэльу. Алыхьу Тэхьэлам фІыщІэ хуащІу зэрыщІэздэпэсэур.

ФІы влэжь

Исльамым кьуелІэсызхэми Іэмал ярет кьхьэлэлу щытыну, абы кьыпэкІуэуи Алыхьыр кьахуэупсэну. КьуелІэсызхэм мылькуу ягъэкІуэдыр машІэми, фІыр щалэжьыр Алыхьу Тэхьэлараиэ, я псапэхэр бзыгъэнкІи мэхъу, кьуелІэхэм ейхэм нэхърэ нэхъыбэу. Ди бегъымбарым и псалъэщ мыхэр: «Сэдэкьэуэ щыІэм я нэхъыфІыр кьуелІэсызхэм ягуэшырщ».

Хэт сыткІэ кьелъэІуми

Алыхь Иным и бегъымбарым хужиІащ мыпхуэдэу: «Щэн дахэ уиІэщ». («Кьэлэмыр» сурэ, 4-нэ Іэят).

Бегъымбарыр гущІэгъэльит, цІыху щабэт, щыпкъэт, апхуэдизу хьэлэлти, ежьм зыкъигъанэурэ и мылькумкІэ нэхэм кьащхьэхъуар ар кьуелІэуэ, зыхуей псори игъэзэту псэууэ.

Абдулла ибн Аббас (Тхьэр арэзы зыхуэхъуным) ди бегъымбар льапІэм хужиІэгъащ мы псалъэхэр: «Ар цІыху псоми я нэхъ хьэлэл дыдэт, псом хуэмыдэу Рэмэзан мазэм, мелыІыч Джэбрэил КъурІэным и псалъэхэр кьыщыжриІэм щыгъуэ».

Бегъымбар льапІэм и ныбжьэгъуу щыта Джабир ибн мыхэри жиІэщащ: «Хэт сыткІэ кьелъэІуми, Мухьэмэдэу Тхьэм и нэфІыр зыщыхуэным зыри хуэгъэщІэгъуэртэкъым, абы зыми «Хьэуэ» жриІэфыртэкъым».

Унэпсей хъунукъым

Умар ибн Убайдулла цІэрыІуэ хьуат и хьэлэлагъымкІэ. Зэгуэрым, и унэм кьыщІэкІри, жыг хадэмкІэ щыкІуэм, абы кьиІэзгъуащ бжьыхьмкІэщІэсу щакъуэу эшых щІалэ щІыкІар. Абы гъунэгъу дыдэу кьыбгъэщІэхьэрэ, хьэ щІыкІу гуэр кьеплъу къэуващ. Ар фІэгуэныхь хьури, щІалэ щІыкІум игъашхэу щІидзащ, езыр щІакхъуэм едзакъэмэ, итІанэ хьэм зы дзэкъэгъуэ хуэдиз зэхьдлъхьуурэ.

Ар щилъагъуэм, Умар еупщІащ щІалэ щІыкІум: «Ууей мы хьэр?», - жиІэри. «Хьэуэ, - жэуап кьытащ щІалэ щІыкІум. «АтІэ щхьэ бгъашхэр??» - щІэупщІащ Умар. «Сэ соукІытэ сышхэну, мэжалІэ слъагъуу», - жиІащ щІалэ щІыкІум.

Умар игу ирихьащ ныбжьыщІэм и хьэлэлагъыр. Мыпхуэдэуи еупщІащ: «Уэ зыгуэрым урипщІлІ?» «Сэ мы жыг хадэр зейм срипщылІщ», - жиІащ щІалэ щІыкІум.

Умар лъэныкъуэкІэ Іуэкри, мыгувэу кьигъэзэжащ, щІалэ щІыкІум гъунэгъу зыхуищІри, жриІащ: «Уэзогъэгуфі, Алыхьым и фІыщІэкІэ уэ хуит ухъужащ, мы жыг хадэри дятІэкІэ ууейщ».

ЩІалэ щІыкІуэр гуфІэу кІиящ: - «Сыту фІыт! Ущыхьэту, си жыг хадэр тыгъэ яхуэощІ ди кьалэм кьулейсызу дэсым».

Умар а псалъэхэр тельыджащэ къыщыхъуащ. Абы жиІащ: «Ар дауэ? Уэ езыр укъулейсызщ, хэт нэхьри ухуэныкъуэщ мы жыг хадэм».

ЩІалэ щІыкІум, и нэкІур нур гуапэкІэ зэщІэблэу, жэуап кьытащ: «Сэ сыщоукІытэ Алыхьым, мыпхуэдизэ фІыгъуэр кьыззэытам. Дауэ, сыт жысІэу сынэсэнфынІ?».

● Хъутібэ

Гъуэгу захуэ

ЦІыху гъэсэ, щІыху тэмэм, зэкІуж - хэт ар? Дэ щІыхъьрэ-зынэу дыбжыр нэгъуэщІ щІыпІэхэм мыхъымыщІэу къыщалъытэнри бетэмалщ. НэгъуэщІхэм щІыхуфІу ябжыр дэ къьбфІ тщІымыхъунри Іуэхум хэлъщ.

ЗЫ ГУПЫМ Іейуэ ябжу, ефэу, гурбиянэу щытыр ешм хуэдэхэм яхьихъэмэ, жьантІэм я гъэкІуэнкІи, пашэ яхуэхъункІи хъунущ. ЖыпІэнуракъэ, цІыхуфІыр мы дунейм щІэзэхэгъэкІыгъуейщ.

ЦІыху зэхэтыкІэ-зэхущытыкІэхэм фІыуэ хуеджа щІэныгъэлІэхэм зэдзаэрзэІуэ ящІэралъытэмкІэ, цІыхуфІу убж хъунущ фІым хущІэкъуэхэр, зи ягъэ нэгъуэщІхэм ящІэзмыгъэзыгъэхэр. Ауэ, дауи, Іэхум и пэжыпІэр зыщІэр псори дыкъэзыгъэщІа Алыхьталэрщ. Псалъэм папщІэ, уэздыгъэр зыщІар абы и зэхэпхьакІэм фІыуэ зэрыщыгъуазэм хуэдэу, Алыхьым ещІэ икІи къыдегъэзыгъэу Іуэгъуэхэм я нэхъыфІыр, псэукІэу щыІэм я нэхъ тэмэмыр. Алыхьым и жьлэм (КъурІэн льапІэм итым) дедаІуэмэ, ди гъащІэр нэху, ди ахърэтыр фІы мэхъу.

Дэтхэнэ зы гупми цІыху тэмэму я ябжьр а гупыр зэгурыІуэу яубзыхуэ, кьащта хабзэм тетыфырщ. Къапщтэмэ, ди Хэкум и Конституцэм тету псэур къуэдым яфІэкъабылщ. БзаджащІэ гупхэми хабзэ яІэщ, а хабзэхэр зыгъэзащІарщ тэмэму ябжьр. Уеблэмэ къэзыркІэ ахъшэ зэфІэхь джагуми хабзэ гуэрхэр я зэхуаку дэлъщ, а хабзэхэм ебжьхуэ я гъэзэжьырхьам.

Мусльмэнхэм дилэщ хабзэ - ар КъурІэным къигъэувкъэм дытетынырщ - аращ дэ ди щапхъэр.

Алыхьталэм хуитныгъэ къыдитащ фІыми Іейми дахэдэу, нэхъыфІыр акъылкІэ къыхэтхыну. ЦІыхум и акъылыр кІэгъэсэбэну, и псэм и шхэмыкІакІэр быдэу и ныгъыфІын хуейщ. Ар зыхуэзэфІэкІыр ехьхьлІащ. Ар КъурІэным къыдигъэщІащ, «Захуэу зекІуэ» - къыджиІэри. Сыт «захуэм» къикІыр? Диным и хабзэхэм ущдэкІуынырщ. Аращ гъуэгу захуэр. Абы ехьэлІауэ мыпхуэдэу жеІэ КъурІэн льапІэм: «... Гъуэгу захуэм тетхэм мелыІычхэр къахуэкІуэнущ, «фмыньащхэй, фмымышынэ, жэнат фмыхьэзэрагъэгугъам фыщІыгуфІыкІ» къыжрайэнущ. Сэращ мы дуней хьэхуэмкІи ахърэтымкІи фи тельыдэр». Алыхьым дэлъэІу апхуэдэ мусЫымэнхэм ящыщ диущІыну.

Бегъымбарым и деж лІы гуэр къакІуэри, кьелъэІуащ жэнэтыр къызэрилажьыну щІыкІэр жриІэну. Бегъымбарым кьыжьдэкІар машІэ дыдэщ: «Алыхьыр уи фІэщ гъэхъуи, захуэу зекІуэ». Уэзэгупсысыжь, мыхъуи пІэщІэкІамэ, кьэбгъэзэжу, тобэ кьэпхьыжу, сакъыу уи гъащІэр епхьэкІынырщ абы къикІыр.

Аращи, маржэ хьужьнхэ, дыщымыгъауэу, жьІэдалуэу дыщыгъэзт.

КъищынэмыщІауэ, Алыхьым къытхуегъэув кьабзэтьабзэу дунейм дытетын хуейуэ. Дауэ кьабзэу уэзэрыщытынур? Уи Іэпкъльэпкъыр андезым зэригъэкъабзэм ещхьу, уи псэри бгъэкъабзэурэщ. Ар зэрыпхузэфІэкІынур нэмэз пщІыуэрэщ, уэщІыуэрэщ, сарджыт пТыуэрэщ, хьэж пщІыуэрэщ. Уи гур цІыхухэм яхуэзІухауэ щытын хуейщ. Абы теухуауэ КъурІэным жеІэ: «ЕхьлІащ зи псэр зыгъэкъабзэр, уиэхъуащ ар зыгъэуфІейр». ЕхьулІар ейикІэ зимыгъаззу, гъуэгу захуэм, кьабзэм тетырщ.

ХЪУАЖЬ Мухьэмэд-Хьэр,
диным и лэжьакІуэ.
Кэнжэ къуажэ.

● Фэеплъ щІэрыІуэхэр



Савэ (Индие) кьалэм дэт мэжджытырщ. XVI лЫэщІыгъуэ.

Къурlэным и япэрей жьзуплІыр

● Тхьытьыщlэ

«ХЪАЗИН» («КъурІэным ухэзыгъэгъуазэ») Тхьытьым и япэ, етІуанэ жьзуэр адыгэбзэкІэ ПщІыхьэщІэ ЛатІиф эзридзэкІауэ дунейм кьытехьащ 2007 гъэм. А іэжьыгъэ щхьэпэм кьыпищэри, ПщІыхьэщІэм «Эль-Фа» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ кьыщыдигъэкІащ ФІыцІагъэ льапІэм и щІыпІэ, еплІанэ зыгъэзэрыт тхылъыри. Ар уасэншэу БкЬF-м и мусЫымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм щагуэш.

ПщІыхьэщІэр гуащІафІэу икІи Іущу топажьэ мусЫымэныгъэм, ди щІыналъэм зыщІегъэубгъуным, исЫамым и хъурэгъуэфІыгъуэхэр цІыхухэм я льэгъэзІэсынымкІэ. А Іуэхугъуэхэм теухуауэ ЛатІиф и кьалэмыпІэм къыщІэкІащ тхылъ зэмылІэужьыгъуэу зыкъом.

Умар льэныкъуэкІэ Іуэкри, хэм кьащхьэхъуар ар кьулейуэ, зыхуей псори игъэуту псэууэ.

Абдулла ибн Аббас (Тхьэр арэзы зыхуэхъуным) ди бегъымбар льапІэм хужиІэгъащ мы псалъэхэр: «Ар цІыху псоми я нэхъ хьэлэл дыдэт, псом хуэмыдэу Рэмэзан мазэм, мелыІыч Джэбрэил КъурІэным и псалъэхэр кьыщыжриІэм щыгъуэ».

Бегъымбар льапІэм и ныбжьэгъуу щыта Джабир ибн мыхэри жиІэщащ: «Хэт сыткІэ кьелъэІуми, Мухьэмэдэу Тхьэм и нэфІыр зыщыхуэным зыри хуэгъэщІэгъуэртэкъым, абы зыми «Хьэуэ» жриІэфыртэкъым».

Унэпсей хъунукъым

Умар ибн Убайдулла цІэрыІуэ хьуат и хьэлэлагъымкІэ. Зэгуэрым, и унэм кьыщІэкІри, жыг хадэмкІэ щыкІуэм, абы кьиІэзгъуащ бжьыхьмкІэщІэсу щакъуэ эшых щІалэ щІыкІар. Абы гъунэгъу дыдэу кьыбгъэщІэхьэрэ, хьэ щІыкІу гуэр кьеплъу къэуващ. Ар фІэгуэныхь хьури, щІалэ щІыкІум игъашхэу щІидзащ, езыр щІакхъуэм едзакъэмэ, итІанэ хьэм зы дзэкъэгъуэ хуэдиз зэхьдлъхьуурэ.

Ар щилъагъуэм, Умар еупщІащ щІалэ щІыкІум: «Ууей мы хьэр?», - жиІэри. «Хьэуэ, - жэуап кьытащ щІалэ щІыкІум. «АтІэ щхьэ бгъашхэр??» - щІэупщІащ Умар. «Сэ соукІытэ сышхэну, мэжалІэ слъагъуу», - жиІащ щІалэ щІыкІум.

Умар игу ирихьащ ныбжьыщІэм и хьэлэлагъыр. Мыпхуэдэуи еупщІащ: «Уэ зыгуэрым урипщІлІ?» «Сэ мы жыг хадэр зейм срипщылІщ», - жиІащ щІалэ щІыкІум.

Умар льэныкъуэкІэ Іуэкри, мыгувэу кьигъэзэжащ, щІалэ щІыкІум гъунэгъу зыхуищІри, жриІащ: «Уэзогъэгуфі, Алыхьым и фІыщІэкІэ уэ хуит ухъужащ, мы жыг хадэри дятІэкІэ ууейщ».

ЩІалэ щІыкІуэр гуфІэу кІиящ: - «Сыту фІыт! Ущыхьэту, си жыг хадэр тыгъэ яхуэощІ ди кьалэм кьулейсызу дэсым».

Умар а псалъэхэр тельыджащэ къыщыхъуащ. Абы жиІащ: «Ар дауэ? Уэ езыр укъулейсызщ, хэт нэхьри ухуэныкъуэщ мы жыг хадэм».

ЩІалэ щІыкІум, и нэкІур нур гуапэкІэ зэщІэблэу, жэуап кьытащ: «Сэ сыщоукІытэ Алыхьым, мыпхуэдизэ фІыгъуэр кьыззэытам. Дауэ, сыт жысІэу сынэсэнфынІ?».

Саид и гъунэгъур

Саид ибн аль-Ас хьэл-щэн дахэ хэльт икІи хьэлэл дыдэт. Абы щІыхуэхэм гулыІэтэ яхуищІырт, сэбэн яхуэхъурт и ныбжьэгъуэхэмрэ гъунэгъуэмрэ, зыри имыгъэщІэхьуу, хэт кьелъэІуми дэІэпыкъурт.

Саид и гъунэгъур кьулейсызт, ауэ цІыхуфІт. Тхьэмыщкіагъэр кьыщытехьэлъэм, абы мурад ищІащ и унэр ищэну. Щэхуакіуэхэр гуп-гупурэ кьыхуэкІуэу хуежьащ.

- Сыт и уасэ уи унэм? - кьеупщІащ ахэр.

- Дирихьэм ми щэ ныкъуэ, - жиІащ зи унэр зыщэну хэтым.

- Ар льапІэІуэщ. И эхъуэдапІэрыІ уи унэм и уасэр! - жаІащ щэхуакІуэхэм.

- Ар сэри сощІэ, ауэ си унэм и гъусэу Саид и гъунэгъуэрэ сощІэ - гушыІащ лІыр.

- Гъунэгъуэр ящэрэ-тІэ?

- Дауэ эзрамыщэр щІыхуфІым и гъунэгъуэр? - и фІэщу жэуап кьытащ унэр зейм, - Уасэшхуэ иІэщ гъунэгъуфІым, уэзрелъэІу псори кьыпхуэзыщІэм, щэх-щэхыуэрэ лЫагъунЫагъу кьыпхуэкІуэм, уэ ущІэмыщІэмэ зызымыгъэгъусэм, дапщэщи фІы кьохъуэлІэну зи гуапэм, уи хуэмыхуагъкІэ гулыІэтэ ущымыщІыфІми, абы щхьэкІэ кьимыгъанэу кьыпхуэгуапэм, нэмыс, пщІэ кьыпхуэзыщІым.

Іуэхур зытетыр Саид кьыщищІэм, и гъунэгъуэмкІэ екІуэкІщ, дирихьэм минищэ тыгъэ хуищІри, елъэІуащ: «Умыщэ уи унэр. Уэ пхуэдэ гъунэгъуфІ сэ зэи згъуэтынукъым».

«Мусльмэн ныбжьыщІэ» тхылъым къытхьыжащ.

Мэкъуауэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэІыр	Щэджащэуэр	Ичынджэр	Ахъшэмыр	Жасэр
1, тхьэмахуэ	3.57	5.28	13.14	17.18	20.40	22.20
2, блыщхь	3.57	5.27	13.14	17.19	20.41	22.20
3, гъубж	3.56	5.27	13.14	17.19	20.42	22.21
4, бэрэжьей	3.56	5.27	13.14	17.19	20.42	22.22
5, махуэку	3.56	5.26	13.14	17.20	20.43	22.23
6, мэрем	3.55	5.26	13.15	17.20	20.44	22.23
7, щэдэт	3.55	5.26	13.15	17.20	20.45	22.24
8, тхьэмахуэ	3.55	5.25	13.15	17.21	20.45	22.25
9, блыщхь	3.55	5.25	13.15	17.21	20.46	22.25
10, гъубж	3.54	5.25	13.15	17.21	20.46	22.26
11, бэрэжьей	3.54	5.25	13.16	17.22	20.47	22.27
12, махуэку	3.54	5.25	13.16	17.22	20.48	22.27
13, мэрем	3.54	5.24	13.16	17.22	20.48	22.28
14, щэдэт	3.54	5.24	13.16	17.22	20.49	22.28
15, тхьэмахуэ	3.54	5.24	13.16	17.23	20.49	22.28
16, блыщхь	3.54	5.24	13.17	17.23	20.49	22.29
17, гъубж	3.54	5.24	13.17	17.23	20.50	22.29
18, бэрэжьей	3.54	5.25	13.17	17.23	20.50	22.30
19, махуэку	3.53	5.25	13.17	17.24	20.50	22.30
20, мэрем	3.54	5.25	13.17	17.24	20.51	22.30
21, щэдэт	3.55	5.25	13.18	17.24	20.51	22.30
22, тхьэмахуэ	3.55	5.25	13.18	17.24	20.51	22.31
23, блыщхь	3.55	5.26	13.18	17.25	20.51	22.31
24, гъубж	3.55	5.26	13.18	17.25	20.51	22.31
25, бэрэжьей	3.56	5.26	13.19	17.25	20.51	22.31
26, махуэку	3.56	5.27	13.19	17.25	20.52	22.31
27, мэрем	3.56	5.27	13.19	17.25	20.52	22.31
28, щэдэт	3.57	5.27	13.19	17.25	20.52	22.31
29, тхьэмахуэ	3.57	5.28	13.19	17.26	20.52	22.31
30, блыщхь	3.58	5.28	13.19	17.26	20.51	22.31

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЫымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ

Зы Іэятым и мыхьэнэр

● ПщІэну щхьэпэщ

«Дунейр зэтезыІыгъэ, уахъытыншэ Алыхьым кьищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ тхьэхэр щыІэкъым».

Іал-Хьимран (Хьимран и бынунагъуэр) сурэ, етІуанэ Іэят.

ФІыцІагъэ льапІэр тафсир зыщІахэм зэрыжаІэмкІэ, мы Іэятыр зытепсэлъхьыхьыр Мухьэмэд бегъымбар льапІэм Нэджран льэпкъым щыщу гупышхуэ кьыззэрыуэкІуэгъам пыщІа Іуэхугъуэхэрщ. Щу хьщІ хъурт хьэщІэхэр. Абыхэм яхэтт нэхъ пщІэ зиІэу лІы гъэлІт, дин Іуэхуэхэм жыджэру зезыхьэхэм ящыщт, альдж, византие пащтыхьхэм кьацІыхурт, кьагъэльапІэрт.

Шухэр, ичынды нэмэзым и уахъытр кьэсуэу, бегъымбар льапІэм и мэжджытым кьыІухьащ. Зыльэгъуахэм кьызэраІуэтэжьымкІэ, мы Іэятыр зытепсэкІыхьыхьыр Мухьэмэд бегъымбарым. Ипэрауэ, ислъам диным кьеззгъыркъым Алыхьым бын иІэу зэрыфІуатэр. ЕтІуанэрауэ, фэжор зэфІэкІам фыхуопщыІ. Ещанэрауэ, кхъуэл фошх.

ХьэщІэхэр умэззхащ, кьыжраІэр зэрыпэжьм кьигъэІэнкунауэ. Ауэ, зыщымыгъуазэхэр, яхуэзэмызэзахуэхэр куэд хьурти, мыпхуэдэу кьеупщІащ бегъымбарым:

- Хьиса Алыхьым имыкъуэмэ, хэт-тІэ абы и адэр?

Бегъымбарыр зытІэкІурэ гупсысащ. Ар гугъуехь хэхуауэ кьафІэщІри, хьэщІэхэр кьэгушхуэжауэ, зэщІэвэу, нэгъуэщІ упщІэхэри кьызыпхадзу хуежьащ. Іэуэльауэ гуемыІур зыри кьримыдзэу, бегъымбарыр зытІэкІурэ щысри, и щхьэр кьиІэтащ, и ныкъуэкъуэгъуэхэр кьигъэІэбжьу, упщІэ тельыджэхэр кьыз

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Псалъэжьхэр

Уи гуащІэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ

♦ Узэрымыса быслъэм умыуб.
♦ УзыгъэтІыс унубыжыркъым.
♦ Узыпэмыльэщынум зэпэщІымысэ.
♦ Уи гуащІэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.
♦ Фадэр зи ныбжьэгъум жып гъуанэ щІэтщ.
♦ Хъушэм къакІэрыхуа мэлыр дыгъужьым пэщІохуэ.
♦ Щыхум и щІэр езым зыфІещыж.
♦ Чэнджащэ Іуэщхъуэкъым, упщІэ щІэщхъукъым.

Зы махуэм щэ ныкъуэрэ Іущ дохъу

●ЖыІэгъуэжэр

♦ Дэтхэнэ зы Сосрыкъуи езым и уІэжщ.
♦ Зи къару илъыгъуэм щІэгъэкъуэн и куэдщ.
♦ Иужьрей фадэбжьэм емыфэу зызышыІэфыр лъэрытету къызэтонэ.
♦ Къэрабгъэр шынагъэщ, ауэ игъэшынэІаркъым - егъащтэ.
♦ Лей къызылъысым илъ ищІэжыну и къарур хунэмысми, и псэм игъэгъуркъым.
♦ Сыджым удыныр ехь, уадэр удын идзам ехьыж.
♦ ЛІыр хуэмыхумэ, фызым хуей-хуэмейми, унафэр ейщ.
♦ ПситІыр тыншу зэрыхуэ чысэм зыр къинэмэ, иобэмпІыжь.
♦ Унагъуэм тхьэмадэр и щхьэщ, унэгуащэр - и псэщ.
♦ ДызыщІэхъуэпсыр къэсыху, ди зэманыгъуэр хъэрэхъуакІэм дохьэж.
♦ КъоМызэгъымрэ умыгъэзытымрэ хъуэпсапІэщ.
♦ ЛъэпэрэпаитІ зэхуэзэмэ, я насыпым къегъэзэж.
♦ Насыпым щІыху зэхэгъэж ищІыркъым.
♦ Уи гугъэм уи Іэр темыхуэу зыхуэдэр пщІэнукъым.
♦ Узыхуейм уи Іэр техуа нэужь, узыхущІэкъуэр арауэ къыпщыхужьыркъым.
♦ Ныбжьэгъум и щыуагъэр ныбжьэгъугъэм хуегъэгъу.
♦ Дэтхэнэ зэманми езым и пэж иІэжщ.
♦ Зи щхьэ къэзыгъэпщэжри пщІыупсщ.
♦ Зы махуэм щэ ныкъуэрэ Іущ дохъу, ауэ пащ тхуэхъур-къым.
♦ Къэбгъэгубжьам къыптрипІэм зытумыгъэгусэж - пхуэфащэщ.
♦ Пэжри и мычэзууэ жыпІэмэ, делагъэщ.
♦ Пэжым къарууншэху зегъэпщкІу, пцІым къарууфІэху зегъэлъагъуэ.
♦ ПцІыр сыт щыгъуи ящІэу жупс, ауэ пэжым гу лъамытэжу къажьэдоху.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Лондон и Іэтащхьэ Джонсон Борис адыгэлъ зэрыхэтым иропагэ

Иджыблагъэ Лондон и Іэтащхьэу хаха Джонсон Борис зэрыжиІэмкІэ, абы и анэшхуэм и анэшхуэр Истамбыл бзэзрым къыщащхуэуэ щыта адыгэ щыхуэбзу.

ЖЫЗДАУ ЭУ курыт еджапІэм щІэса, екъулІэныгъэшхуэхэр иІэу Итон колледжыр къэзыуха, Инджылызым и парламентым и депутат; иджы Лондон и Іэтащхьэ хъуа щІалэм уеупльэ, абы адыгэль хэту пхужьыІэнукъым.

Цыхубэм хэІуа хьыбарым и пэжыпІэр къахутэну. «Би-би-си» агентствэр и ужь ихьат, ауэ тхыдэм Джонсон и псалъэхэм щыхьэт техьуэ зтхыгъэ гуэри къыхагъуэтакъым. КъыззэралытэмкІи, «адыгэлъыр» Джонсон и унагъуэм илъ хъыбархэм ящыщ зыщ.

Псоми дощІэ Урыс-Кавказ зауэм и ужькІэ адыгэ мелуан ныкъуэм я хэкур ирагъэбгынауэ зэрящытар, Тырку щыналъэр псэупІэ зэрахуэхьуар. Дауи, тхьэмыщкІагъэмрэ нэсыпыншагъэмрэ ебэкІыу щыщыта зэманым Тыркум Іэпхьуа адыгэхэм я щІэ-унэцІэр зыщІыпІи иратхакъым. Абы кыыхэкІыу, гъэрэ хэ щащэ бзэзрым щыкІуэдахэм я хьыбар дэнэ щыпщІэн? Джонсон Борис и фІэщ мэхьу и анэшхуэм и анэшхуэр Тыркум кьыззэщащэхуар. Нэхь гъэщІэгъуэныжьраши - ар къэзыщэхуам ныжьраши щІэхъуэ щІэзэрыпсэ ящІащ. «Си адэшхуэм и адэшхуэм и цІыхугъэм щэч кьытепхьэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абы и унэм щхьэхуимыт зэи исакъым. Сэ сропагэ абы цІыхубз гъэрэ кьищэ хуу, щхьэгъуэ зэпещІам» - жеІэ Джонсон Борис.

Джонсон Борис *(сэмэгумкІэ щытщ)* Лондон и Іэтащхьэу хахащ. *2008 гъэ, накьыгъэм и1*

Лондон и Іэтащхьэм и псалъэр зэхэзыгъэкІа къэхутакІуэхэм жаІэ Джонсон и адэшхуэм и адэр, Камал Алий, тырку журналисту зэрящытар. Адыгэлі Дамад Фериднэщэ и Правительствэм (Истамбыл) министр кьу лыкъуэри ильэс зыбжанэкІэ щызэрихьащ. 1910 гъэм Лондон Іэпхьуащ, ауэ Борис и адэм техуауэ зыри кьахуэхуэтакъым.

Дуней псом щыцІэрыІуэщ щэрджэс цІыхубзхэр, ахэр дахагъэкІэ псоми кьахэщу щытащ. Щхьэхуимыт бзэзрэхэм абыхэм нэхьрэ нэхь льапІэ щыгъуэтынутэкъым. Нобэ щэрджэс цІыхубзхэм цІыхухьум иІэхуитныгъэхэм хуэди льытэныгъэшхуи яІэщ. Я льахэм ирашауэ щыта адыгэхэр дуней псом щинкъухащ.

"Гардиан" газет. Лондон, 2008 гъэ, накьыгъэм и 5.

АдыгэбзэмкІэ зэзыдзэкІар **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**

Лондондэсхэм Джонсон Борис фІыу э ялъагъу, пщІэ хуащІ.

● ЗэвгъэцІыху

Прохладнэ куейм хыхьэ Псыншокъуэ къуажэм щыщ Гувэжьыкъуэ Хьэбас Хьэжьысмел и къуэм докъуэхьу кьыщатьхуа махуэмкІэ

● Хъужъу

ПщІэ зыхуэтщІ, фІыуэ тІьагъу ди адэм, щыкъу адэм, щхьэгъусэфІым, ди чэнджэщгъу пэжым узынщагъэр уи куэду, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ уи бэу, уи Іэдакъэщ Іэкіым ущыгуфІыкІыу, укъэзыухъуреихьэм уи цІэр фІыкІэ яІуатэу, уи щІэблэр уи жьауэм щІэту ипэс куэдкІэ утхуэпсэуну дынохьуэ хъу.

Уи щхьэгъусэ Хьэпшэт, уи бынхэр Мадинэ, Анзор, Альбинэ, уи малъхъэхэу Борисрэ Альбертрэ, уи пхъурылъхъэр.

● Дунейм и щытыкІэнур

ЩІыІэтыІэмрэ хуабэмрэ

НАКЪЫГЪЭР хуабэкІэ къыдзэгугъуакъым, мазэм и кІэхэм хуабэр градус 30-м щынэса кьыхэхуам. ЩІыІэбжьу, уэшх кьёшІыу зэрыщытым гъатхэм и дахагъ куэд тщигъэпщкІуащ. Ауэ, зэрыщытыу кьапщтэмэ, адрей илъэсхэм ельытауэ мы гъатхэр нэхъ кІыхьу икІи хуабэу екІуэкІащ.

Накъыгъэм и япэ тхьэмахуитІыр щІыІэтыІэу екІуэкІащ. Мазэм икухэм дежщ хуабэр градус 15-м щыфІэкІар икІи ар гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ я лъэхъэнэ зэблэкІыгъуэу къэплъытэ хъунущ. Абдежым дыгъэри нэхъ гуащІэу кьепс хъуащ, ящыныкъуэ махуэхэм щІыхьэфэр градус 60 хуэдизкІэ къэплъащ.

Накъыгъэм уэшх куэд къешхами, гъатхэм щІым игъуэтын хуей псыІагъэхэмкІэ мащІэу къыщІэкІащ. Прохладнэ, Тэрч, Май районхэм псыІагъэу къыщехар зыхуейм и процент 50-75-рэщ, республикэм и адрей щІыналъэхэм мардэм щынэблэгъащ.

Мэкъуауэгъуэр махуэгъэпсымкІэ гъэмахуэм и щІэдзапІэщ. ЦІыхубэ нэщэнэхэм ятепщІыхьмэ, мэкъуауэгъуэм дунейм и щытыкІэнум куэдкІэ ельытауэ щытынущ дыгъэгъазэ мазэм и хуабагъ-щыІагъынури. Мэкъуауэгъуэр щІыІэтыІэу екІуэкІмэ, дыгъэгъазэм дунейр хуабэ хъунущ.

Илъэс куэдкІэ ирагъэкІуэкІа кІэлъыплъынныгъэхэм кьызэрагъэпсэфыгъэкІэ, мэкъуауэгъуэри уэлбанэрилъэрэ йокІуэкІ. Псыгъагъэу гъатхэр нэхъ кІыхьу икІи хуабэу екІуэкІащ.

Мэкъуауэгъуэ мазэр псом уэсыжьэу хуабэу щытащ 1969 гъэм. Абы и япэ махуэхэм хуабэр градус 36-м нэсат. Щынэхъ щІыІащ 1967 гъэм - а мазэм хуабэр жащкІэ градуси 3-4 фІэкІа хъурэтэкъым.

Мэкъуауэгъуэм махуэхэр нэхъ кІыхьэ, дыгъэм нэхъ льагэу зеІэтри, кІуэ пэтми нэхъ гуащІэу кьопс. Мэкъуауэгъуэм и 22-р гъэм и махуэ нэхъ кІыхь дыдэщ - сихьэт 16-рэ дакъикъэ 37-рэ мэхъу. Мэкъуауэгъуэм и 27-м мазэм хэщІу щІидзэжынущ.

Мыгъэрей мэкъуауэгъуэм и махуэхэр щІыІэтыІэмрэ хуабэмрэ зэхъуажэу екІуэкІынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, апхуэдизу щытынущ мазэм и япэ Іыхьэр икІыху. Жэщхэм хуабэр градуси 10-14-м, махуэм - 20-28-м нэсынущ. Мэкъуауэгъуэм и етІуанэ махуэ 15-р нэхъ хуабэу екІуэкІынущ: жэщкІэрэ градус 13-17-м, махуэкІэрэ градус 32-м нэсу.

Уафэгъуагъуэ уэлбани мымащІэу хэтынущ мы мазэм.

ОРЛОВЭ Валентинэ, *агрометеоролог.*

●Къуажэхьхэр

НэджэІуджэ, тенджэдыгу

❖ **МафІэм имысу псым итхьэлъ.**
❖ **Махуэм къолъых, жэшым лотьей.**
❖ **Мо къакІуэр шун пІэси, ар щызэкІуэр щІылъэ уафи, абы ирифыр фоун фадн.**
❖ **НэджэІуджэ, тенджэдыгу цыкІу зыщыгъ.**
❖ **Псым адрыщІкІэ цеиплъ къедзащ.**

Жэуапхэр:

Мыва. Дмэл. Хуэхуэмэз. Лэвилэ. Іешитэ.

● Нэщэнэхэр

Унэ кІуэцІым ущымыфий!

●**Сабийм и Іэхэр и щхьэмкІэ щыІэу жеймэ, лІыхъужь, лІыфІ хъунущ жаІэрт.**
●**Уэгъу щыхьум и деж уэшх къешхыни щхьэкІэ, щыблэ зытехуа щІыпІэм деж мывэ кьрахти, псым хальхьэрт.**
●**Уи унэм тхьэгъэлэдж кьышыдзэну фІыщ.**
●**УмыщІэу уи щІыІу зэблэупхыкІмэ, уи щыгъын зэгъэдзэкІаУ щыпТІагъэмэ, зыгуэр кьыпхъхъэунущ.**
●**Уиэ кІуэцІым ущыфиину фІыкьым.**
●**Унэм щыщІыхьэкІэ льапэ ижьыр нэхьапэ щІа- шие.**

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** ФІэІугъэхэр, ерыскъыпхьэхэр щІахьэмэ щІыІэпІэ. **7.** Къуащэ-чыщэ е удз зэщІэкІа. **9.** Уи мыІэху зепхуэмэ, уи щхьэм кьытехуэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. **11.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **12.** Лэскэн районым щыщ кьуажэ. **13.** Щхьэгъусэм и шыпхъу. **15.** Адыгэ шхынныгъуэ, джэдыкІэ-рыпщ. **17.** ЗэрыжьыщІэ. **18.** Щапхъэ, мардэ. **20.** Къэбэрдей усакІуэ. **22.** МафІэдз.... **25.** Мэщ хьэуазэ. **26.** ЦІыхур зыхущІэкъуэ, кьаІэну зыхуэнгъэувыжа. **27.** Египетым адыгэхэр зэреджэр. **28.** ХадэхэкІ. **32.** Шым и кІуэкІэ. **34.** Адыгейм щыщ бзылъхугъэ уэрэджы ІакІуэ цІэрыІуэ. **36.** ХьэкІэкъуэкІэхэм я «пащтыхь». **37.** Гъэугум иІэ кумблъэмбхэр.

40. Нартыху гъэлыгъуа хьэжьыгъэ. **41.** ГъавэгъэкІ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь. **42.** Нарт лІыхъужь, бжьамиящэ. **45.** Зи щхьэр зэв кумбыгъэм псы зэрыраКІэ. **47.** Іэщхэр щыхъуакІуэ щІыпІэ. **48.** ЩэкІ кьызыхащІыкІ къэкІыгъэ. **49.** Зыгуэрым гущІэгъу хуэпщІыну, удэІэпыкъуну хуэсэждж гурыщІэ.

Кьехыу: 1 Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу. **2**. Кьыдальхуауэ цІыхум и щІыфэм хэт. **3.** Хьэпшып, ерыскъыпхъэ щэн-кьэщхэр. **4**. КІуэ пэтми ... зымыкІу. **6**. Нарт лІыхъужь. **8**. Дэрбэгъ хьэпшып. **10**. Адыгэ шхынныгъуэ, кІэртІофым кьыхэщІыкІуэр. **13.** ...зиІэм кІэи иІэщ. **14**. Щыгъыным хищІэ хьэпІацІэ. **16**. Жьэ бзаджэ зыщІэт, цІыху дыдж. **17**. Ахьшэ жьгъей. **19.** Дагъуэ зимыІэ, кьызыхуэтынщэ цІыху. **20.** НапІэзыпІэ. **21.** Псэлъэгъуей. **23**. БгитІ зэхуаку, псы кьызыдзж кьуэ. **24** . Тонн зыплІытху кьэзыщэч псэущхьэ. **29** . Жэм лъхуам япэ махутІ-щым кьыщІашым кьыхах. **30.** Газет, тхылъ кьыдэбгъэкІынумэ, ар уимыІэу хъунукъым. **31**. Вакъэнжей, щэкІ кьызыхащІыкІ налъэ. **33**. Жэм бу ... . **35**. ... куПІрэ фо цІынэкІэ ягъэшхащ. **38**. Зи фэм щыз, лыщхуэ зытель. **39.** ЦІыхубз щыгъын. **43**. ЦІыхубзхэм кьыздрахьэкІ хьэпшып. **44**. ЩІалэр гъуэгу ... теуващ. **45**. Хьэщэпэщэ пыупщІа, ямыІуэжауэ. **46** . Нартыхур бгъэлъалъэмэ, кьанэр.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Накьыгъэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Нало. **3**. Ташло. **6**. Убых. **10**. Цормэ. **12**. Лыбжьэ. **14**. Сонэ. **16**. ШкІэ. **18.** ГущІэгъу. **20.** Блы. **21**. «Сэфар». **22**. Къэб. **27.** Анэгу. **29**. Хьэгъуэ. **30**. Щыблэ. **31**. КхьуэІуфэ. **32**. Сырэ. **35**. Ленэ. **37**. Фыз. **38**. Верди. **39**. Бжы. **44**. Тхъуэжь. **46**. Шыгъу. **48**. Уэркъ. **49.** Ахьмэт. **50**. Батыр. **51**. Елэн. **52**. Абрэдж. **53.** Испы.

Кьехыу: 2. Лапэ. **4.** Адэш. **5**. Лулэ. **7**. Бэзгу. **8**. Жасы. **9**. ЦІагъуэ. **11**. Рим. **13**. Бжер. **15**. Ныб. гъуэ. **17**. «КІэфий». **19**. ЩІэблэ. **23**. «Лапсэ». **24**. Щэбзт. **25**. ХьэІупэ. **26**. Арджен. **28**. Гущэ. **29.** Хьэл. **33**. Рифмэ. **34** Угъурлы. **36**. Едзыгъуэ. **40**. Кьутыр. **41**. Хьэм. **42.** Куэт. **43**. ГукъэкІ. **45**. Жьагъэ. **46**. Штаб. **47**. Гъубжэ. **48**. Урыс.

● Тхыдэ зиІэ уэрэдыжь

Кулэ и тхьэусыхэ

Кулэмрэ уо-уэу нуэ, уо-уо, Мылэмрэ
***Ежьу:* Уо!**
Фызэзэшыпхъутри, уэр, си Кулэ!
***Ежьу:* Уо!**
Уэ фызэшыпхъуитІ щхьэкІэрэ,
А махуэм фызэнжэгъути, Кулэ дахэ!
***Ежьу:* Уо, уо!**

Кулэм уи лэгъунэр пхъэбгъущхьэт, си Кулэ,
Кьадабэ щхьэнтэм а махуэм лъапэкІэ утетт,
Кулэ дахэ!

Щыуэрэ узыретыр уогъэгъз, си Кулэ,
Кулэм уи жьгъыруэр а махуэм лІы кьашэт,
Кулэ дахэ!

Кулэм зыкъэбгъазэм умазэгъуэт, си Кулэ,
Кулэм зыбгъэзэжьым а махуэм умазэжэт, Кулэ дахэ!

ЗекІуэлІымрэ зекІуэшымрэ езэшмэ, си Кулэ,
Кулэ уи уэрэд дахэм а махуэм кьешэж, Кулэ дахэ!

ЗекІуэ пщІэгъуэлэжьхэр зышдгъэпсыр Кулэ и дежщ,
ЗекІуэ кьнкІыж шухэр а махуэм зыщепсыхьр
Кулэ и дежщ.

Арыкъыжьым и бажэм хуэдэу ужьэгъухут, си Кулэ,
Кьумыхужьым и бжьом хуэдэу укІуэкІафІэт,
Кулэ дахэ!

Щэ тхъурымбэм и щІыгъэм хуэдэу ущабэт, си Кулэ,
Пщы Адэлджэрийр а махуэм нэгийт, Кулэ дахэ!

Мысырыжьым и екІэпщІэр пхъафэ фІыцІэт, си Кулэ,
Пщыжь фІыцІэ ябгэр а махуэм тхъэщишэт, Кулэ дахэ!

Сэ сигъэшэншауэ саІуатэ, си Кулэ,
Сэ сызэраІуатэм сытемыткІэ, си тобэщ, Кулэ дахэ!

КУЛЭР Э Мылэрэ Батырдэгухэ япхъуэ зэшыпхъуитІт. Кулэр дахэт икІи Іэщ Іагъэшхуэ иІэу зэкІэлъытыкІуэт. Мылэ апхуэдэу дахэ тэкъым, Іэщ Іагъи иІэтэкъым. Хьэпохъэщокъуэхэ ящыщ Адэлджэрий, адыгэхэм щІэ-ІейуэІ «щы фІыцІэ» зыфІащауэ щытар, Кулэм кьыпылът, кьепсэлъыпІэрти, Мылэм игъэІуащ - Кулэр Адэлджэрийм и щІасэу. Уэрэдыр Кулэ и телъхьэхэм яусащ.

Зытхыжар **КЪАРДЭНГЪ УЩІ Зырамыкущ.**

Щытхъу

Си цІыхугъэ гуэрым гъуэсэ сищІри, и цІыхугъэхэм яхьхьащ.

- Мыр, - жи, саздригъэщІыхум, - мыр усакІуэщ, и бзэм хуэдэ зиІэ щымыІэу прозаик лъэщщ. Кьэбэрдейм дэнэ кьэна, адыгэм кьахэщыпынкъым апхуэдэ журналистІ..

Сызэрытхэр ящІэ кьудейуэ арат иджы апхуэдизу щытхъупсыр кьыстесІыгъэльадэм, стхаун зы псалъэ игъащІэм кьеджатэкъым. Схуэфащэ дыдэуи щыи, пльыжь сыкъэхъу кьудейуи кьэмынэжу, сыткІэн хуеят, сэ езыр сыщыту апхуэдизыр щыжаІэм. Ауэ сэ сыукІытэну сигу кьэкІыхьхэртэкъым: а щытхъу кьомыр кьыхужьызыІэм си Іуэху лъэпкъ зэрихуэртэкъым, абыкІэ езым и пщІэр иІэт и гугъэжу арат - фльагъурэ мы си гъуэсхэр зыхуэдэр!

Си хъуреягъкІэ

Дахагъэ

Зы хьыджэбз пІырыпІ цыкІу си цІыхугъэт, нэкІу хъуреи хьужауэ. Нэсри къэсжауэ, тхьэІухудт. Абы сеІпльыху, сигу кьэкІыжыр си лэжьэгъум и псэпъафэр: «Сыт дахэр щыжаІэм, жэуап итащ жи - лыр!»

Зыкъом щІауэ сымыцІагъужауэ зымахуэ сыІуощІэж а хъыджэбзым. Къэм ищІэнт кьызыхэкІар, и нэкІур гъурт, жэщІат и Іэпкъпъэпкъ псор зэрыщытру. Ауэ... а зэрыдахэу кьэнат...

Хьэуэ лыкъым, фэкъым икІи къупщхьэкъым дахэр - и псэращ цІыхум и дахапІэр здэщыІэр.

ХЬЭХ Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЪэкІмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжьыкъарэ Алик, Шыл Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІапІэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъашІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхуэщ Іапі Іэхэм ядэлажьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм я эу жэуап яхь . Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыткІэр зэтеуэу щытекъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м и федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту яІуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щхьабзэмрэ хъыбарегъашІэ ІэнатэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Хьэжькъарэ Алик, корректорхэу Табышэ Динарэ*(2, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкі Юрэ *(1, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэпыкьуэгъуэ Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *суэтэщІ* Кьарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №1827